ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ЛЫЗ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДОК!

№232 (22.390) ● 2012 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 1, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Правительствэм и гулъытэр зыхуиунэтIынур

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен щIэуэ къызэрагъэпэща Правительствэм чэнджэщ иритащ и лэжьыгъэр цIыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэхэр зэхэгъэкIыным, ящэ игъэщIпхъэхэр убзыхуным къыщыщIидзэну.

«Правительствэм хэтхэр цIыхухэм нэхъ бдзэу ящыщIауэ лэжьэн хуейщ», - щыжIиауэ щытащ Къанокъуэ Арсен Правительствэщ Iэн и ящэ зэлущIэм. Абы къыхигъэщхьэхукIащ министрым иригъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр псом ящэу къызэрапщытэнур ар цIыхухэм зэрапыщIар, зеIухуэу зэрыщытыр зэрыларр.

Абы лъандэрэ Правительствэм хэтхэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм йочэнджэщ, Iэщ IагъэлIхэм я Iуэху епIлыкIэр зрагъащIэ. Мы лэжьыгъэм къыхащащ КъБКъУ-м социологиемкIэ и лабораторэм и Iэщ Iагъэлхэр. Ахэр цIыхухэм яхоупщIыхь КъБР-м и Правительствэр нэхъ зэгугъупхъэу къалытэхэм теухуауэ. Социологхэм псэуКIэм и Iуэхугъуэр нэхъыщхьэу тхыльхэм къыщагъэльэгъуа 16-м нэхъ зи чэзу дыдэу къалытэхэм ящыщу тху къыхагъэбелджылыкIыну хуагъэхьагъуэ. Социологие къэхутэныгъэхэм къарикIуахэр хэIущIыIу ящIынущ икIи ахэр къалытэнущ республикэм и Правительствэр зэман гъунэгъум юридыдэу зэрылэжьэну планыр щызэхалъхьэкIэ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.*

**Сидорук Павел Федор и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхьыным и Iуэхукl э**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Iуэхукl э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и ящэ Iыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Сидорук Павел Федор и къуэм, «Захуагъэ зДэщIы Урысей: Хэку/Пенсионерхэр/ ГъащIэ» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм кьыбгъэдэкIыу республикэм и хэхыпIэ округ зэгуэтым щыхахам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м щыщIэдзауэ щхьэщыхьым.

2. Сидорук Павел Федор и къуэр кьыхэгъэкIыжьын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩIыпIэ унафэр зегъэкIуэным, щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм я IуэхуэмкIэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, гъэзэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ и комитетымрэ».

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ І ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м*
*№1305-П-П*

**КIэш Заремэ Анатолий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык къалэм и суд участкэ №13-м зэзыгъэкIуэ и судьищIэм и кьулыкъым гъэувыным и Iуэхукl э**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и «а» пунктым, 117-нэ статьям и Iыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуэ и судыщIэхэм я Iуэхукl э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям ящхьэ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. КIэш Заремэ Анатолий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Налшык къалэм и суд участкэ №13-м зэзыгъэкIуэ и судыщIэм и кьулыкъым илъэситху пIалъэкIэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ І ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м*
*№1306-П-П*

**Марьяш Ириней Евгений и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхьыным и Iуэхукl э**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Iуэхукl э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и ящэ Iыхьэм и «а» пунктым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Марьяш Ириней Евгений и пхъум, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм кьыбгъэдэкIыу республикэм и хэхыпIэ округ зэгуэтым щыхахам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м щыщIэдзауэ, щхьэщыхьым.

2. Марьяш Ириней Евгений и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, мылькумкIэ, хьарычэт Iуэхумкl э и комитетым и унафэщIым и кьулыкъур щхьэщыхьын икIи а комитетым кьыхэгъэкIыжьын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр зэрыщхьэщыхьыжьыр.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ І ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м*
*№1324-П-П*

# Лэжьыгъэр къапщытэж

**ЩэжIуэгъуэм и 27-м КъБР-м и Парламентым зэIуущIэ щекIуэжIащ. Ар Iуэху гуапэкIэ яублащ - Парламентым зиужьыным хуащIа хэпхьэныгъэм папщIэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иратащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Iым и ящэ къуэдзэ Марьяш Иринэ, КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Смирновэ Татьянэ, КъБР-м и Парламентым и Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм и щIыхь тхылъыр иратащ Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм и Парламентым и Унафэщ Iым и ящэ къуэдзэ Марьяш Иринэ, КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм зи гугъущI э хэзылъхьа Гамоев Олег сымэ. УФ-м Федерацэмкl э и Совет ым и Аппаратым и ЩIыхь тхылъыр иратащ КъБР-м и Парламентым и лэжьакIуэхуэу Дроздовэ Галинэ, Малкаровэ Аминат, ЦIыпIынэ Заурбэч сымэ.**

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэр Iуэху 28-м нэблагъэм хэпльащ.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкl э и комитетым и унафэщI **Рахаев Анатолий** кьыхилъхьащ тхыдэм зи цIэр фIыкIэ кьыхэнахэм, ехьулIэныгъэфIхэр зиIэхэм щIыхь яхуэщIыным, Апхуэдэ лIы-хьуэхьэм, щIыхь цIэрыIуэхэм я цIэхэр уэрамхэм, утхэм, кьуаджэм и щIыпIэ щхьэхуэхэм, нэгъуэщI Iуэхущ Iапl эхэм фIэщым, фэеплъхэр яхуэгъэувам, я щIакIэ мурэй кьыгъэIухын, стипендие гъэбелджылын, абыхэм я гъащIэм теухуа тхылъ кьыдэгъэкIын хуейуэ жиIащ Рахаевым. КъБР-м и Парламентым Iэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хьумэныкIэ и комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим** кьыхилъхьащ республикэм ис цIыхухэр зэнэдгъэхэр, сабийр быдэзышэкIэ зыпI анэхэр, илъэсиц ныбжьым нэмыса сабийхэр ерыскъыкIэ зыхуей хуэзэн папщIэ мыльку щхьэхуэ хухахыну. ПщIэншэу ерыскъы зратынухэм хиубыдэр зы цIыхум Iыдыу нэхъ мащIэ дыдэу маззм иракIуэ ну Къэбэрдей-Балъкъэрым щагубыхьауэ щыт къэшэм нэхъыбэ хэхъуэ зимыIэхэщ. Абыхэм хуахакIыну мылькур къызыхэкIынур республикэ бюджетращ. КъБР-м и Iэтащхьэм и Iыкl уэ **Бышын Аслан** КъБР-м и бюджетыр 2013 гъэм зыхуэдэнум, 2014 - 2015 гъэхэм зэрытращIыхьам теухуауэ кьэпсэльащ.

2013 гъэм республикэ бюджетым хэхъуэу сом мелард 25-рэ мелуани 130-рэ иIэ нущ, зымащIэкIэ нэхъыбэщ - сом мелард 26-рэ мелуан 879-рэ - кьиугъэсэбэпыну иIэн хуейр. Налогыбу сом мелард 9-рэ мелуан 715-рэ, налогым хэмыхьэу сом мелуан 430,5-рэ кьыхэхъэнущ. Дызэрыт илъэсым елъытауэ, 2013 гъэм налогым кьыпэлъэщ кьыхэзрихьэрэ цIыкуи 172-рэ. Бышыным 2013 - 2014 гъэхэм кьрихьыдэу Музыкэмкl э театрыр зэрагъэпэщыжыну сом мелуан 40 зэрыкуухахыр жищIэгъэшым, ирихьэкIри, кьахуэкIуэ хьэлъэзешэм жьэхидзащ. Уэсышхуэ кьиэресым, гъуэгур зэрыщIырыгъум я зэран кьэкIауэ жаIэ кьэхьуар зыльэгъуаэм.

**Конституцэщ Iэ ягъэхьэзыр**

**Мысырым и конституцэщIэм хэпльэу абы арэзы зэрытехьэр жиIэн ицхьэкIэ, ар хуагъэхьащ къралым и президент Мурси Мухьэмэд. Абы и уэкIэ къралым референдум щекIуэкIынущ.**

Мысырым и конституцэ асамблеем и унафэщI Хусэм аль-Гарьяни зэрыжIамкIэ, хабзэщIэм и проектыр статья 234-рэ мэхъу, абыхэм ящыщ дэтхэнэ теухуа комментарийхэр дызыхуэIуэ махуитIым хэIуцIыIу ящIын хуейщ.

**Уи мыIуэху зепхуэмэ...**

**США-м щыщ Огайо штатым и дежьблагъэ кьыщыхьуар гъэщIэгъуэщ.**

Элирия къалэм щыщ, илъэс 53-рэ зи ныбжь Уоррен Сьюзан уэрамым здрикIуэм, игу кьыпылъэдащ унэхэм ящыщ зым щIыхьэу «кхуэIбэну». Апхуэдэуи ищIащ - уиэм щIыхьэри, сыхьэтищым нэблагъэкIэ абы щIэлэжьыхьащ: хьэкъущыкIуэхэр яхуитхъащ, сабэр яхуилъэщIащ, льэгугъэр зыхуэхъасащ, пхъэнкIийри яхущIихащ. КъыщыщIэкIыжьым, тхылъымпIэ кIапэм яхуитритхащ зэфIитэкIа лжьыгъэм папщIэ доллар 75-рэ кьратыжьри зэрыхуейр, и телефон номери къахуигъэнащ.

АхъшIэр кьратыжьын дэнэ кьэна, цIыхубзыр судым ирагащ. НэгъуэщIым и унэм хуит ямыщIауэ зэрыщIыхьам щхьэкIэ кьуэды кьыгращIыхьащ абы - сыхьэт 20-кIэ цIыхубзым щIэнщэу ящхуэлжьэн хуейуэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

**● КъБР-м и Парламентым**

# «Депутатым лэжьэн щIедзэ пщэдджыжьым унэм зэрыщIэкIыу»

**«Къэралым хуэхаха сыхьэт» проектым хиубыдэу КъБР-м и Парламентым щрагъэблагъащ зи чэзу еджакIуэ гупыр.**

ПРОХЛАДНЭ къалэм дэт курыт еджапIэхэу №3-мрэ №6-мрэ щIэсхэм яхуэзащ вице-спикер **Саенкэ Татьянэ,** Экологиемрэ щIыпэпсыр хьумэныкIэ комитетым и унафэщI **Пестругуков Виктор,** Iэмал-гъэмрэ социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хьумэныкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим,** ПсэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ комитетым и унафэщI **Гриневич Валерий** сымэ.

Хабзэ зэрыхъуам тету, зэIущIэм и пэщIэдзэм Саенкэ Татьянэ еджакIуэхэр щыгъуэзэ щIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым парламентаризмэм зэрызыщIужьам, республикэм ипрокурор къыдэзыгъэкI и органым мы зэманым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм.

ШколакIуэхэм нэхъ яфIэгъэщIэгъуэн Iуэхуэхэм ятеухуауэ депутатхэм зыхуагъэзащ. Ахэр щIэупщIащ депутатхэм ящыщу цIыхубзхэр дапщэ хъуми, ику иту депутатхэм я ныбжьыр зыхуэдизым, я лжьакIэм, парламентархэм я зыгъэпсэхугъэр щагъакIуэм. УпщIэхэм ящыщ зыр теухуауэ щытащ депутатым и лэжьэгъуэ махуэр кьыдэзрызэрегъэпщым.

Гриневич Валерий зэпкърыхуауэ тепсэлъыхьащ цIыхубзхэм Iэпкlэ-лъакIэ я лIыкIуэм кьыбгъэдэхуэ кьаланэхэм икIи кьыхигъащхьэхукIащ:

- Сэ лэжьэн щIызодзэ пщэдджыжьым унэм сыкьыдзэрыщIэкIыу. Дэтхэнэ зы депутатри зэпымыууэ егупсысын хуейщ цIыхухэм я гъащIэр efIэкIуэн папщIэ лэжьапIхьэхэм. Жылагъуэм зеужь, абы кьыхэкIыу, иджырей зэманым езэгъын папщIэ законхэри егъэфIэкIуэн хуейщ.

Псалъэмакъ гъэщIэгъэуэным и ужькIэ школакIуэхэм Парламентым и Унэм зыщапIхьыхьащ икIи фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

**УРЫСМАМБЭТ Бэлэ.**

**● Налшык**

## МэкъумэшыщIэхэм чэнджэщ ират

**Мэкъумэшым елэжьын щIэзыдзэхэм ядэIэпыкъуу Налшык дэт центрым и Iуэхутхьабзэхэм зыхахэхъуэ зэпытщ.**

А ЛЭЖЬЫГЪЭР лъэныкъуэ куэдкIэ гуэнащ икIи сыт хуэдэ чэнджэщри мыбы пщIэншэу щратыфынущ гъавэ, хадэхэкI хэзысэхэм, пхъэщхьэмыщхэ жыгхэр, жызымейхэр зыгъэкIэм. ЦIыхухэр нэхъыбэу зыщIэупщIэ Iуэхугъуэхэм ящыщущ щIым зэрелэжь Iэмалхэр, ди щIыналъэм нэхъ езэгъыу иужьрей зэманым кьалъыта жылапхъэ лIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэу центрыр цIыхухэм ящIэIэпыкъуфынущ Iэщ гъэхъун, жэм хъэпщн, гъэщ зехьэкIэ я лъэныкъуэкIи.

Мэкъумэшыщ Iэхэм иджыпсту дэIэпыкъуэгъэшхэу кьахэуохъу кьэралым кьарит суб-сидиехэр. Ахэр хъеIыпIхьн папщIэ тхылъымпIэ щхьэхуэхэр гъэхьэзырын зэрыхуейри кьалъытащ центрым и лэжьакIуэхэм икIи кьэзырщ абы пыщIа щхуэхэмэ хагъэзгъэзэну.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



## Щхьэусыгъуэр зэхагъэкI

**УФ-м къэхъукъащIэ щынагъуэхэм ящыщ тэнымкIэ и министр Пучков Владимир зэрыс къэхъухьатэр Новосибирск къалэм и аэропортым кьыщрагъэтIысхьын хуей хьуащ.**

МЧС-м и лэжьакIуэ Россиуе Иринэ журналистхэм къаэрыжриIамкIэ, ар кьыдыхьэкIар къэхъухьатэм сэкъат гуэрхэр иIэу абы и электрон Iэмэпсымэхэм кьызэрагъэлъэгъуарр. И моторхэм (ахэр щы мэхъу) ящыщу зыр ягъэункIыфIын хуей хьуами, абы исахэми зыри кьащымыщIу, кьхъухьатэми зэран емыкIыну кьэтIысхэщ. Кьэхъуам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкI.

**ЦIыхуитI хэкIуэдащ**

**Ульяновскэ областым и губернаторым и къуэдзэ Доронин Николайр абы и шофырмрэ автомобиль зэхьэхуэм хэкIуэдащ.**

Ахэр зэрыса «Тойота Камри»-мрэ хьэльэшэу ГАЗ-3307-мрэ щызэхьэхуэащ Новгород Ищхьэрэ хуэкIуэ гъуэгум. ЗэкIэ кьэзэратамкIэ, кьулыкъущIэр зэрыса машинэ псынщIэм хуэ хухахыну. ПщIэншэу ерыскъы зратынухэм хиубыдэр зы цIыхум Iыдыу нэхъ мащIэ дыдэу маззм иракIуэ ну Къэбэрдей-Балъкъэрым щагубыхьауэ щыт къэшэм нэхъыбэ хэхъуэ зимыIэхэщ. Абыхэм хуахакIыну мылькур къызыхэкIынур республикэ бюджетращ. КъБР-м и Iэтащхьэм и Iыкl уэ **Бышын Аслан** КъБР-м и бюджетыр 2013 гъэм зыхуэдэнум, 2014 - 2015 гъэхэм зэрытращIыхьам теухуауэ кьэпсэльащ.

2013 гъэм республикэ бюджетым хэхъуэу сом мелард 25-рэ мелуани 130-рэ иIэ нущ, зымащIэкIэ нэхъыбэщ - сом мелард 26-рэ мелуан 879-рэ - кьиугъэсэбэпыну иIэн хуейр. Налогыбу сом мелард 9-рэ мелуан 715-рэ, налогым хэмыхьэу сом мелуан 430,5-рэ кьыхэхъэнущ. Дызэрыт илъэсым елъытауэ, 2013 гъэм налогым кьыпэлъэщ кьыхэзрихьэрэ цIыкуи 172-рэ. Бышыным 2013 - 2014 гъэхэм кьрихьыдэу Музыкэмкl э театрыр зэрагъэпэщыжыну сом мелуан 40 зэрыкуухахыр жищIэгъэшым, ирихьэкIри, кьахуэкIуэ хьэлъэзешэм жьэхидзащ. Уэсышхуэ кьиэресым, гъуэгур зэрыщIырыгъум я зэран кьэкIауэ жаIэ кьэхьуар зыльэгъуаэм.

**Конституцэщ Iэ ягъэхьэзыр**

**Мысырым и конституцэщIэм хэпльэу абы арэзы зэрытехьэр жиIэн ицхьэкIэ, ар хуагъэхьащ къралым и президент Мурси Мухьэмэд. Абы и уэкIэ къралым референдум щекIуэкIынущ.**

Мысырым и конституцэ асамблеем и унафэщI Хусэм аль-Гарьяни зэрыжIамкIэ, хабзэщIэм и проектыр статья 234-рэ мэхъу, абыхэм ящыщ дэтхэнэ теухуа комментарийхэр дызыхуэIуэ махуитIым хэIуцIыIу ящIын хуейщ.

**Уи мыIуэху зепхуэмэ...**

**США-м щыщ Огайо штатым и дежьблагъэ кьыщыхьуар гъэщIэгъуэщ.**

Элирия къалэм щыщ, илъэс 53-рэ зи ныбжь Уоррен Сьюзан уэрамым здрикIуэм, игу кьыпылъэдащ унэхэм ящыщ зым щIыхьэу «кхуэIбэну». Апхуэдэуи ищIащ - уиэм щIыхьэри, сыхьэтищым нэблагъэкIэ абы щIэлэжьыхьащ: хьэкъущыкIуэхэр яхуитхъащ, сабэр яхуилъэщIащ, льэгугъэр зыхуэхъасащ, пхъэнкIийри яхущIихащ. КъыщыщIэкIыжьым, тхылъымпIэ кIапэм яхуитритхащ зэфIитэкIа лжьыгъэм папщIэ доллар 75-рэ кьратыжьри зэрыхуейр, и телефон номери къахуигъэнащ.

АхъшIэр кьратыжьын дэнэ кьэна, цIыхубзыр судым ирагащ. НэгъуэщIым и унэм хуит ямыщIауэ зэрыщIыхьам щхьэкIэ кьуэды кьыгращIыхьащ абы - сыхьэт 20-кIэ цIыхубзым щIэнщэу ящхуэлжьэн хуейуэ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

## Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 1, щэбэт**

□ 1917 гъэм Тэрч-Дагъыстэн правительствэ кьызэрагъэпэщащ.

□ 1945 гъэм ЦIыхубзым я дунейпсо демократ федерацэр (МДФЖ) кьыхэрагъэпэщащ.

□ Маршал, Совет Союзым **Георгий** кьыхэрагъэпэщащ. Iэ тедзэныр фымыгъэгубэ, и кIэ дыдэм нэвмыгъэс.

*ФПС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэ - «Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэ.*

***Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!***

**Мазихым ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.**
**«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ Iапl э псоми.**

**Ди индексыр 51531**

■ ЗэIущIэхэр ■ Гъэсэныгъэ ■ Махуэгъэпс

# КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щэбэт къыдекIуэу ■ Малъхъэдис

**● Зэпеуэхэр**

## Кавказ Ищхьэрэм и цIыхубз блоггер нэхъыфI

**«Прометей-2012» зэпеуэм щытекIуахэм Кавказпсо интернет-саутэтыр щратыжащ Псыхуабэ дат «Интурист» хьэщIэщым.**



Беловэ Асарэ Жынэ Марьянэрэ.

«КАВКАЗ Ищхьэрэм и бзыльхъуэ блоггер нэхъыфI» унэтIыныгъэм щытекIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и чэнджэщэгъу, Жынэ Марьянэ.

Псыхуабэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и блоггер нэхъыфIу текIуэу щытыр УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, журналист цIэрыIуэ Шевченко Максимиц. Абы зэрыжиIамкIэ, зэпеуэм хуагъэхьэзыра блоггхэм ящыщу нэхъыфIхэр къыщыхахым, гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуэщIар лэжьыгъэхэм я купщIэм и закъуэкъым, атIэ абыхэм цIыхухэр зэрыдрагъэхьэх Iэмалхэм, жылагъуэр нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхугъэр зэхъэрыщыщIэта щыкIэмэ, нэгъуэщIхэм хэпльащ.

КъэпщытакIуэ гупым хэт, УФ-м и Президентым Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ лIыкIуэм и чэнджэщэгъу Яхимович Назар кьыхэрипытэмкIэ, цIыхубзхэм ягъэхьэзыра блогхэр цIыхухъхэм ящIахэм нэхъри куэдкIэ нэхъ купщIафIэщ.

«Къэрал властым и Кавказ Ищхьэрэ органхэм я веб-ресурс нэхъыфIу» унэтIныгъэм пашэ щыхъуэр Къэрэшей-Щэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и персональнэ сайтыщ. «ПсомиефIэкI информационнэ ресурс» зэпеуэм бжьыпэр щызыубыдар «Кавказ Ищхьэрэм щыIэ «Комсомольская правда» газетым и сайтращ, тегъэупIэ ресурс нэхъыфIу - «Кавказ форумыр», социальнэ ресурс нэхъыфIу - Iэмэпсымэ зэхуэхьэсэн», корпоративнэ ресурс нэхъыфIу - «Терек» футбол клубым и официальнэ сайтэр къалъытащ.

Зи гугъу тщIы саугъэтыр зыгъэувар ЩIалэгъуэлэм я Iуэхугъэмкl э федеральнэ агентствэмрэ УФ-м и Президентым КИФЩII-м щиIэ и лIыкIуэм и аппаратымрэщ.

Зэхьэзэхуэм текIуэныгъэ кьыщыдзыхьа Жынэ Марьянэ зэрыжиIэмкIэ, езыр зыхэта Iуэхугъуэр зэрекIуэкIа щIыкIэм гур хигъахьуэрт.

- Интернетым жылагъуэм я деж щигъэзащIэ кьалэныкIуэ пэтми зеубгъу, - жеIэ абы. - Япа щIыкIэ зэпеуэм сыхэтыну си гугъэхакъым. ИтIана блогэм сыщрихьэлIащ «Прометей» зэхьэзэхуэм ди республикэм щыщ цIыхухэр нэхъ жыджэру щIыхэмытым тепсэлъыхьу. Арати, сэри си лэжьэгъуэхэм сытрагъэгушхуащ. Зэпеуэр щызэпагъэхуэм деж къагъэлъэгъуа концерт программэри гукъинэж хъуат. Си гугъущ «Прометей-2013»-м нэхъри зиужьыну.

Интернетыр зищIысыр кIуэ пэтми цIыхухэм къаэзрыгурыIуэр, сыт хуэдэ лэжьыгъэ Iэнатlэми Iэмэпсымэ лъэщ зэрыщыхьуар кьэплъытэмэ, «Прометей» зэпеуэр и чэзууэ кьаублащ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Къулыкъу

# Министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къарэш Арсен

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм узышIагъэр хьумэныжрэ куроортхэмкIэ и министрым и кьадэнхэр игъэзащIэну и пщэ ирагьхьащ Къарэш Арсен Владимир и къуэм. Абы теухуа зыхуэфащэ Указым КъБР-м и Iэтащхьэ Кьанокьуэ Арсен Iэ щIидзащ 2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м.**

НЭХЬ ЯПЭКIЭ - 2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 22-м - КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Хьэсанэ Руслан унафэ кьищтауэ щытащ УзышIагъэр хьумэныжрэ куроортхэмкIэ министерствэу щIэуэ кьыззрагъэпэщыжам министрым и кьуэдзэхэу Къарэш Арсенрэ БгъэжьнокьуэУ Зуриятрэ гъэувыным теухуауэ.

Къарэш Арсен Владимир и къуэр 1974 гъэм щэкIуэгъуэм и 21-м Налшык кьалэ кьищалъхуащ. 1995 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетыр «бухгалтер учет» IэщIагъэмкIэ кьиуахащ. 1997 гъэм и диссертацэр пхигъэкIри, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат хьуащ.

1998 - 2002 гъэхэм КъБР-м ФинансхэмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщIу, 2002 - 2004 гъэхэм КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм и управленэм и унафэщIу лэжьащ. 2004 - 2006 гъэхэм КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымкIэ и министрым и кьуэдзэу - КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымкIэ и министерствэм ерыскъыпхъэкIэмрэ ерыскъыпхъэхр кьыщIэзыгъэкI промышленностымкIэ и управленэм и унафэщIу, 2006 гъэм щIышылъэм щегъэжьауэ 2006 гъэм дыгъэгъаэзэм нэсыху ар КъБР-м куроортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и кьуэдзэу - КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и управленэм и унафэщIу щытащ. 2007 гъэм щегъэжьауэ 2012 гъэм нэсыху агропромышленнэм комплексым и предприятэ зыбжанэм финансхэмкIэ я унафэщIу, коммерцэмкIэ унафэщIу, генеральнэ директору щыIащ.

Унагъуэщ, кьуищ иIэщ.

*КъБР-м УзышIагъэр хьумэныжрэ куроортхэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущхьэ.*

● ЗэIущIэхэр

# ШЫХЪУЗБАХЪУЭ Мухьэмэд: Зыдзэплъеипхъэ лIыхъужьхэр яцIыхун хуейщ

**Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда кьарухэм, хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балькъэр республикэ жылагьуэ зэгухьэныгьэр кьыззрызэрагъэпэщырэ илъэс 25-рэ зэрырикъур иджыблагъэ игъэлъэпIащ. Абы иращIэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, республикэм и муниципалитетхэм, жылагьуэ зэгухьэныгьэхэм я лIыкIуэхэр. Къэбэрдей-Балькъэрым и жылагьуэ зэгухьэныгьэхэм я нэхьыжь дыдэхэм нIэк нэхь пщIэшхуэ зиIэхэм яцIышым теухуа гуфIэгъуэм и пащIэкIэ зэрыщIэхъуэм «ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхьыжьым» удз гъэгъахэр тралъхьащ.

«НАРТ» хьэщIэщым и пэлущIэ пэшышхуэм щекIуэкIа зэIущIэр кьыщIэзIуихьым, ветеранхэм я зэгухьэныгьэм и тхьэмадэ Шыхьуэбахьуэ Мухьэмэд кьызэхуэсахэм фIэхъус псалъэхэмкIэ захуигъэзащ икIи мы зэгухьэныгьэр зэрызэтеувам тепсэлъыхьащ.

Ветеранхэм я зэщIэхъеныгьэм япэ махуэхэм щегъэжьауэ кьалэн ныкъущхьэу зыкуигъэкIыжащ фронтым Iутахэм я зэныбжьэгъуфIэр адэкIи гъэбыдэныр. Зэгухьэныгьэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм яхэтащ Кьардэн Бубэ, Лесев Виталий, Константинов Борис сымэ хуэдэ цIыху цIэрыIуэхэр. 115-нэ щуудзэ дивизэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэу КIэрэф Кьамболэт, нэхь иужьыIуэкIэ Куэтэншы Палэ щытащ. «Къэбэрдей-Балькъэрым и партизанхэр» зэгухьэныгьэм и пашэу хахащ Кьудей Чэрим.

КПСС-м и ЦК-м и унафэкIэ 1987 гъэм кьыззрагъэпэщащ ветеранхэм я орган зэгуэт - Зауэмрэ лэжьыгьэмрэ я ветеранхэм я урысейпсо совет. А гъэ дыдэм Зауэмрэ лэжьыгьэмрэ я Къэбэрдей-Балькъэр советыр кьыззрагъэпэщауэ щытащ. 1991 гъэм щегъэжьауэ абы зэрихьэу щIидзащ «Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ Зэщlэуэзда кьарухэм, хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балькъэр республикэ жылагьуэ зэгухьэныгьэ» цIэр. Абы и япэ ячафэщIу хахащ ди щIыналъэм щыIэрыIуэ къэрал лэжьакIуэ Кьудей Чэрим Кьарэмыкъуэ и кьэр. А цIыху емыIэзэщым кьуэд зэфIигъэкIащ республикэм и ветеранхэм я зэгухьэныгьэм зегъэжьаныжмкIэ, и зэхэлъыкIэр егъэфIэкIуэныжмкIэ. Кьыкlэлыкlуэу ветеран организацэм и унафэщIу щыта, отставкэм щыIэ генерал-майор Нэхущ Борис Мэрем и кьуэмы мы Iэнатlэр егъэфIэкIуэным куэд хищIыхьащ. Илъэс куэдкIэ организацэм и унафэщIу щытащ икIи и кьалэнхэр дагъэнэшэу ирихьэкIащ ТхьэкIумащIэ Абдулчэрим Палиб и кьуэм.

Иджыпсту ветеранхэм я Къэбэрдей-Балькъэр советыр республикэм и жылагьуэ зэгухьэныгьэ нэхь ин дыдэщ. Абы хэт ветеран-пенсионерхэм я бжыгьэр мини 120-м щегъу. А зэгухьэныгьэм хеубыдэ ветеранхэм я район, кьалэ совету 12, псори зэхэуп пэщIдзэ ветеран организацэу 332-рэ кьыззощIауэ быдзэу.

Жэрдэмышхуэ яхэлъу мэлажьэ Налшык, Шэджэм, Шэрэдж, Бахьсэн, Лэскэн, Май район, кьалэ советхэр. Район, кьалэ ветеран зэгухьэныгьэхэм я унафэщIхэу, абыхэм хэтхэу зэфIэкIыщхуэ ьэзэныгьэхэм ящIыщ куэдым КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Жылагьуэ, дин зэгухьэныгьэхэм я Iэхъуэкмкlэ и кьэрал комитетым я щIыхь тхьылъэр, республикэм и ветеранхэм я советым и юбилей медалыр ираташ.

Зэгухьэныгьэм и юбилей зэIущIэм кьыщыщыпсалъэм, КъБР-м Жылагьуэ, дин зэгухьэныгьэхэм я Iэхъуэкмкlэ и кьэрал комитетым и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Пащты Борис кьыхихгъэщхьэхуэкIащ мы организацэр нэхъыфI дыдэу лажьэхэм зэращыщыр икIи ветеранхэм фIыщIэ яхуищIащ щIалэрэуалэр хэкум хуэпэжу гъэсэныжмкIэ кьыпхъэмылытэтэным хуэдизу мыхьэнэшхуэ зиIэ кьалэнхэр зэрызэфIагъэкIым папщIэ.

Зэ1ущIэ нэужьым журналистхэм щепсалъэм Шыхьуэбахьуэ Мухьэмэд жиIащ: «Иджыпсту дэ икIуэкIэ кьалэн инхэр кьыщIэпщытащ. Дэ ди мурадщ идкьыреI жылагьуэм тхуэращэу, Iуэхьэшхуэ, дяпэ итахэм кьыгъуагъэна хабзэфIхэмрэ зэхэтыкIэмрэ адэкIи зедгъэужьыну. Арыншагъэ щIэблэр тэмэму пхуэгъэсэнукъым. Апхуэдэу дэ дыхущIокьу ветеранхэм сыт и лъэныкьуэкIи даэзрыдэIэпыкъуным, абыхэм я социальнэ хуитныныгьэхэм дакъызэрыщхьэщыжьым. Зэи ди нэIэ ятедгъэкIыркъым щIалэгъуалэмэ. Абыхэм хэкум и тхыдэр ящIэу, лIыхъужьхэр яцIыхуу икIи абыхэм щапхъэ трахыу щытын хуейщ».

**ЩОМАХУЭ Лилэ.**



● КъБР-м и Жылагьуэ палатэм

# Сабий зэчиифIэхэм - гулъытэ хэха

**КъБР-м и Жылагьуэ палатэм Егъэджэныгьэмкlэ, щIэныгъэмкlэ, щIалэгъуалэ политикэмрэ спортымкlэ и комиссэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ екIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ ди лъахэм ис сабий зэчиифIэхэм ядэIэпыкъуным хуэгъэпсауэ республикэм щащIэм нэхьри зегъэужьыным.**

ЗэIущIэр кьыззIуихащ Жылагьуэ палатэм и унафэщIым и кьуэдзэ Федченкэ Людмилэ.

- Цыхум хэль зэчиифр - абы и фIагъыр кьэзыгъэльагъэу, махуэ кьэс зригъэужьуэр унэтIныныгъэ зэмылIэужьыгьуэхэмкIэ екъулIэныгъэ кьыхуэхьых Iуэхущ. Зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм я акьыл жанагьыр, я творчествэр ди республикэми кьэралми я лъабжьэр зыгъэбыдэщ. Апхуэдэ сабийхэм нэсу щадэIэпыкьуу си гугъэхьым Къэбэрдей-Балькъэрым, - жиIащ Федченкэ.

КъБР-м Егъэджэныгьэмрэ щIэныгъэмкlэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI Касьяновэ Татьянэ кьыхигъэщащ щIэблэм ябгъэдэлъ зэчиифр кьэхутэным, абы зегъэужьыныным хуэунэтIауэ программэм и лейуэ щрагъаджэ Iуэхущ1эпIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Ди республикэм щолажьэ апхуэдэ муниципальнэ Iуэхущ1эпIэу 41-рэ кьэралым ейуэ 5-рэ. Абы хэм йокIуэлIэ ныбжьыщIэ 49,125-рэ (ар илъэсэ 5 - 18 зи ныбжьыкIэ я процент 56-рэ мэхъу).

Зи гугъу тщIы Iуэхущ1эпIэхэм щIэс цыкIухэр музыкэм, сурэт щIыным дехьэх, щIэныгъэ-техникэ, экологие, егъэджэныгьэ-кьэхутэныгьэ лэжьыгьэхэр ирагъэкIуэкI.

- Сабий зэчиифIэхэм ядэлэжьэным пыщIа гугъуехьу диIэхэм ящыщщ кьуажьэхэм дэс сабийхэр зэщIэгъэуIуауэ кьыззрытхуемышлалIэр. Абы и хэкIыпIэхэм ящыщщ щIэблэм хэхауэ ядэлажьэ Iуэхущ1эпIэхэм очнэ-заочнэ щколхэр кьыззрящыщIэуIуахэр. Иджыпсту апхуэдэхэм йокIуэлIэ школакIуэ 400-м щIигъу, - жиIащ Касьяновэм.

Зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэныр кьыззгъэпэщыныр программэ щхьэхуэм зэрытетым, апхуэдэ егъэджэныгьэм хуэхэа школхэр Iэщ1агъэлIэжмкIэ кьыззгъэпэщыныр, а Iуэхум нэхьри зиужьын папщIэ щIапхъэхэм кууэу тепсэлъыхьащ зэIущIэм кьырихьэлIаэр.

КъБР-м и Жылагьуэ палатэм хэтхэм чэнджэщхэр зэхалъхьащ республикэм и гъэзэщIакIуэ органхэм, Егъэджэныгьэмкlэ кьалэ, район Iуэхущ1эпIэхэм хуагъэхьыну.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

# Жьы мыхъуну дахагъэхэр

Трофимов Борисрэ КIыщ Мухьэдинрэ.

**Москва щыIэ «Винсент» галереем щагъэлъагъуэ КъБР-м и цIыхубз суратыщ КIыщ Мухьэдин «Вне времени» зыфIиша и лэжьыгьэщIэхэр.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР кьыщыIэуахьым цIыхушхуэ кьырихьэлIащ. Абыхэм яхэтащ Москва дэс ди лъэпкъгъуэхэм ящыщхэр, Испаниемрэ кьикIа хьэщIэхэр, УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и лIыкIуэхэр, КIыщым и суратхэм дихьэхьуу ахэр зэхуэзыхьэсхэр, и гъэсэныгъэщIэхэр.

«Винсент» галереем и унафэщI Славашевич Наталье выставкэр кьыщызэIуихьым кьыхигъэщащ КIыщ Мухьэдин и лэжьыгьэхэр тIэунейр я утыку кьрахьэну кьаззрыхуихуар зэрагуапэр, абы сыт щыIэу I1ыгъ илъэс куэд кьыззрекIуалIэр, и лэжьыгьэхэм щIэупщI зэраIэр.

Зэхьихьэм кьыщыпсэлъащ Художественхэмкlэ Урысей академием и щIэныгъэхэр институтым и унафэщIым и кьуэдзэ Бусев Михаил, МГУ-м щезыгъадж Дохьушокьуэ ФатIимэ, Испаниемрэ и посольствэу Москва щыIэм и лэжьакIуэ Пабло Рубио, Абхъаз Республикэм, Иркутск, Нижний Тагил кьалэхэм щыщ суратыщI цIэрыIуэхэу Воубэ Дианэ, Ширшков Игорь, Брюхановэ Сергейрэ Дианэрэ, нэгъуэщIэхэр. Ахэр тепсэлъыхьащ КIыщым и лэжьыгьэхэр кьаззрыщыхьуам.

КIыщ Мухьэдин зэхьихьэм кьырихьэлIаэм фIыщIэ яхуищIа нэужь, иджыпрей гъуазджэм и Iуэху зэIумыбзэм кьытеувыащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм зрезыгъэхьэлIэнуэхэм дыгъэгъаэзм и 30 пщIондэ зэман фIиIэщ. Ар кьыщыкIуэтынущ Чистые Пруды, Кривоколенный уэрамджкIм и уэнэ 12-м и япэ кьатым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

Испаниемрэ и посольствэу Москва щыIэм и лэжьакIуэ Пабло Рубио кьопсалъ.

● Политикэ партхэм

# Ди нэхъыжьыфIхэм папщIэ

**«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым иригъэкIуэкI Iуэху дахэхэм ящыщщ иджыблагъэ Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуэпIэм щызэхэта пщыхь гуапэр. Ар яхуэгъэзат республикэм и нэхъыжьыфIхэм.**

ПЩЫХЬЫМ ирагъэблэгъа Абдуллаев Мустэфа (Дзэм и ветеранхэм я совету Налшык щыIэм и тхьэмадэ) кьыззгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, щIэх-щIыхьуэ я гулъытэ нэхьыжьхэм зэрыльагъэсым папщIэ.

- Сэ ноб9 зи гугъу фхуэсщIынур Iуэхуэ тIэкIу щымыщу кьыифщыхьунуми, сыхуейт анэм тегухуауэ псалъэ зыбжанэ вжесIэну. ЗэрытщIэщи, щэкIуэгъуэм и 25-р Анэм и махуэщ. Дуейм теткъым абы нэхъ гуапэр нэхъ згъурлырэ. Сэ щIэблэм сащыхуэзэм, жиеэмыIэу кьэзгъанэрэкъым я анэхэм яхуэфащэу, абыхэм я жагъуэ ямыщIу, ягъэгуфIэу дунейм тетын зэрыхуейр. Дауэ мыхьуми, анэм и псэр и сабийрщ зыхъужьыр, абы кьыхэкIыуи а псэм хуэсакьыпхъэщ. Мы пщыхьым кьеькIуэлIа анэхэм, анэшхуэхэм фи гъащIэр быным гуфIэгъуэкIэ я ягъэнщIу, гугъуехьхэр зэщIысыжу фи гъэлъэгъуэу дунейм фытетыну сынывохьуэхьу! - жиIащ Абдуллаевым.

- Мы зэхьыхьэр кьыщIызэдгъэпэщар фэрэщ, ди нэхъыжьыфIхэрэ. Зы гуапагъэ гуэркIэ, мащIэми, дывдэгъашэмэ тфIэфIщи, фи щапхъэ дахэм, фи чэнджэщ щхьэпэхэм папщIэ фIыщIэ фхудощI, - пищащ пщыхьым «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Канунниковэ Татьянэ. - Нобэ фэр щхьэкIэ я макъ ягъэIуную ди артист пажэхэмэ ныбжьыщIэхэмэ. Ди гугъэщ мыпхуэдэ зэхьыхьэхэр щIэх-щIэхьуэрэ едгъэжьэкIэ, сэбэныгьэ кьурэ кьапэкIуэну икIи нэхъ гъунэгъу дызэхуэхъуэ, мыхьэнэ зиIэ IуэхугъуэхэмкIи дызэдзэлэжьэфыну кьыщIэкIынщ. Фэ фощIэ дэ ди бжэр сыт щыгъуи зэрыкфхуэзIухар.

УзышIагъэ яIэну, я жьэгум хуабагъэ имыкIыну ди нэхъыжьхэм ехъуэхъуащ Цыхуэхэр социальнэ IуэхутхьбзэкъэмкIэ кьыззэзыгъэпэщ центрым и унафэщI Бейтыгуэзэн Заур, Ныкьуэдыкьуэхэм я зэгухьэныгъэ Налшык щыIэм и тхьэмадэ ЩIакIуэныкьуэ Хьэчим сымэ.

Пщыхьыр ягъэдэхащ УФ-м щыхь зиIэ и артистхэу Ташло Алий, Батыр Мухьэдин, Хьупсырджэн Альберт сымэ, Къэбэрдей-Балькъэр, Нигуи республикэхэм щыхь зиIэ я артистэ Даур Иринэ, КъБКъУ-м и «Амикс» гупым хэтхэу Таз Оксанэрэ КIуантIэ Аленэрэ, нэгъуэщIхэми.

Концертым и кIэныкъ Абдуллаев Мустэфа кьыззэхуэсахэм псалъэ зыбжанэкIэ захуигъэзэжащ. «Нэхъ лъэщ дыдэу мы дунейм тетыр псапэ зыщIэ цIыхуэр. Икьукlэ грогушхуэ апхуэдизкIэ дыззэрыкIыжащ. Ар ди щIыналъэ яхуэсщ дэтхэнэми. Нобэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым тхуэзэхиша концертыр гъэзэщIэт, ди нэгу фIыуэ зэкIужащ. ГъащIэ дахэ псоми Тхьэм кьарит», - жиIащ абы.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● КъБКъУ-м и щэнхабзэ центрым

# Ди зэфIэкIхэм хыдогъахъуэ



Филологие щIэныгъэхэм я доктор ТIымыкь Хьэмыщ1э центрым и лэжьакIуэхэмрэ я гъусэу.

**Кьыдэкlуэтей щIэблэм я зэтеувэнри, абыхэм я дуней еплыкIэмрэ я зэхэщIыкIымрэ зэрызауэкьынри сыт хуэдэ зэманми елъытащ ягъэзэнкIэ щIэныгъэм. Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым и егъэджакIуэхэм ар фIыуэ кьагурыоIуэ икIи щIэныгъэм екъэлIа Iуэхугъуэхэмрэ гъэсэныгъэмрэ зэпыщIауэ, еоблэмэ быдзу зэхэжьыхьауэ щIалэгъуалэм бгъэдальхьэ.**

ДИ ЛЬЭПКЪЫМ и хабзэр ящIэу, щIэхабзэм дихьэхьуЬыЬыт - щIэхьуэ щIэблэр кьэбгъэтэджмэ, адрей кьадэпсэуэ лъэпкъхэм щыIэныгъэ хуэIэу зэрахущытынур кьальытэщ, ар кьапэщылъ кьалэн нэхъыщхьэхэм хабжьри, КъБКъУ-м и ЩIэныгъэ советым 2000 гъэм унафэ кьыщтащ Адыгэ щэнхабзэ центр кьыззригъэпэщыну. 2011 гъэм и кIэм щыщIэдзауэ абы ЩыпIынэ Асльэн и щIэр зэрехьэ.

«Глобализацэкlэ» зэджэ, дуней псор зэщIэзыщтэ зэхущытыкIэм и зэманым дэ, центрым и лэжьакIуэхэм, ди кьалэну кьыдолытэж щIэблэм абдзгъбзэгу фIыуэ яльагъуу, я анэдэлъхубзэм кьабзэу нрипсальэ кьэрэгъэтэджыным хуэунэтIа гъэсэныгъэ зэгухьэныгъэ едгъэжьэкIэ фIапхъэу. Адыгэ хабзэм, лъэпкъ щэнхабзэм щIэблэр щIэпыкIын папщIэ щыIэу цIэрыIуэхэр, лъэпкъым папщIэ Iуэхуфl зылэжьыкъэ зыхэт зэIущIэхэр кьызыдогъэпэщ, щIалэгъуалэ зэчиифIхэр, бзэм хуэгупащIэу хуэ1у утыку кьыщIэ, абыхэм я зэфIэкIкIэ адрей студентхэм щапхъэ яхуэхьун папщIэ. Университетым кьыззэрригъэпэщ махуэшхуэхэм, зэIущIэхэм, зэхуэсхэм лъэпкъым и нэщэнэхэр кьэзыгъэльагъэу Iуэхугъуэ дахэхэр зэрыхэдгъэхьэныкъ ящхь дитщ, адыгэ я зэфIэкIыр (ар я псэукIэ, я Iэщагъэ, я фащэ, н. ехьэлIами) кьэгъэльэгъуэным тыдоуху ди лэжьыгъэр.

Щэнхабзэ центрым кьызэзригъэпэщ махуэзышхуэхэр, зэIущIэ зыхэлэмэтхэр гукъинэж ящохьу университетым и лэжьакIуэхэмэ студентхэмэ. ЩIалэгъуалэр нэхъыбжу апхуэдэ зэIущIэхэм хэша зэрыкъуныни и сэбэныгьагьэр кьыдгуроIуэ икIи абы теухуауэ ди мурадхэр, ди лэжьыгъэр университетым сыт и лъэныкьуэкIи кьыддеIыгъ.

Дыззэрилэжьа зэман кIэщIым и кIуэцIкIэ дэ кьызэзгъэпэщащ е ди зэфIэкI хэтлъхьащ КъБКъУ-м иригъэкIуэкIа «ЩIэныгъэм и махуэшхуэм», яп хуэсым кьыщIэтIысхьа студентхэр щагъэльапIэ зэхьихьэ иным, тхакIуэ Нало Ахьмэдхэан кьызэралъхуэр илъэс 90 зэрырикъум теухуа зэIущIэм, Анэдэлъхубзэм и дунейпсэ зэрихьэлIэу унэмурэстетым и кьудамэхэм щекIуэкIа олимпиадэхэм, нэгъуэщIхэми.

Щэнхабзэм и пэщ хуитым щIэх-щIэхьуэрэ кьыщыдогъэблагъэ, ди студентхэм яIуэщ1э лъэпкъым и цIыху пащхьэр, адыгэ литературэмрэ щэнхабзэмрэ хэлъхьэныгъэшхуэ зэхуэзыщIахэр, хамэ кьэралкIэ кьикIыжа ди лъэпкъэгъуэхэр.

Дэ лэжьэн щIэздза кьудейуэ аращ. БлэкIа зэман кIэщIым лэжьыгъэ и лъэныкьуэкIэ кьэдым дыхуигъэсащ. Ди зэфIэкIым махуэ кьэс хуэдизкIэ, Iуэхугъэ едгъэфIакIуэу ящыта дыхуэлэжьэнущ лъэпкъ гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ.

**ЕЗАУЭ Мадинэ,**
*КъБКъУ-м ЦIыпIынэ Асльэн и цIэр зезыхьэ и Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщI.*

● КъБР-м и Пенсэ фондым

# ЩIыхуэхэр ятокIыж

**Мы зэманым ирихьэлIэу УФ-м и Пенсэ фондым Къэбэрдей-Балькъэрымкlэ и кьудамэм анэ (унагьуэ) ахьщэм и сертификатхэр щIыхь мин 34-м щратащ. Мы гъэм анэм и ахьщэр сом мин 387,64-рэ мэхьу.**

АХЬШЭР нэхьыбгэр ящIэгъэсэбэп псэупIэ кредитхэр ящIагъэкIыжьыкI папщIэ. Абы и фIыгъэкIэ унагьуэ мин 15-рэ 215-м апхуэдэ щIыхэр I1эужьыгъуэр ягъэзащIащ е япшынэжьапIащ.

Абы щыгъуэми, 2010 гъэ лъандэрэ Iуэхущ1эпIэм лъэIу мин 20-рэ 385-рэ кьыIэрихьащ ахьщэр здагъэлэжьуэр щIыхьэныхэ унагьуэхэм кьабгъэдэжьыгъ. Абыхэм ящIыщу мини 6-рэ 744-р хуэгъэзащ кредит кьыIамыхьыу псэупIэхэр ирагъэфIакIуэным.

Лъэпу 59-р кьызыбгъэдэжькIаэр хуейщ анэм и ахьщэмкIэ я бынхэр ирагъэджэну. Ары Iуэхугъэ I1ыгъэ щIыгъуу сом мелуани 6-рэ мин 447,65-рэ. И чэзур кьэсэнэ, хуагъэувыну пенсэм ахьщэр ягъажьэну кьыхахащ анитхум.

● Гъэсэныгъэ

# Унагьуэращ къыщежьэр

**Шэрэдж район администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махьтыр иджыблагъэ яIущащ Балькъэр Ипщэ кьуажэм щыщ сабийхэм, адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм. ЗэIущIэр теухуауэ щытащ кьыдэкIуэтей щIэблэр гъэсэным екьэлIа Iуэхугъуэхэм.**

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМКIЭ Шэрэдж район Iуэхущ1эпIэм и унафэщI Батчаев Анатолий кьыкигъэщащ гъэсэныгъэм яп ибгъэщ хьун Iуэху зэрызымыIэр. «ЩIалэгъуалэр Iуэху гъэщIэгъуэнхэм хэшэн хуейщ. АбыкIэ я кьэралыр щIэгъэкъуэн кьытхуохьу. ИлъэситI-щым кьриубыдэу ди куейм и закъуэ сом мелуанищым нэблагъэ кьратащ, дыззэрыт илъэсым мелуан 22-рэ. Абы и фIыгъэкIэ школхэр зэтэщ тщIащ, я тепльэкIи, я лэжьакIуэкIи, я автомашинэкIи. Сабийхэм ЕГЭ-р фIы дыдэу ят, школым кьыщIэдгъэкIэхэм ящыщу процент 80-м щигъу еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIотыкIысэ. Ауэ дыбгъэзрыгъ хьунукъым, шынагъуэ щыIэщ ди щIалэгъуалэр экстремизмэм хашэнкIэ, ягъэжьажьэнкIэ. Ар кьэдгъэхъункIэ Iэмал зимыIэ Iуэхущ», - жиIащ Батчаевым.

Егъэджакlуэ Темукуев Адил кьыхигъэщащ кьытщIэхьуэ щIэблэр жьыджэру гъащIэм хэту, акьыл жан яIэу, псэ кьабгъэуу, пэжым и тельхьэу адэ-анэхэми егъэджакIуэхэми сыт щыгъуи ялъагъуну зэрыхуейр. «Гъэсэныгъэр кьыщежьэр унагьуэращи, абы мы кьуажэм щыпсэу адэ-анэхэр мыйебгъэпольэщ. Школым хуэзэфIэкIыр абы щIигъужмэ, ди щIэблэм яхэтлъхьэр псыхэкIуадэ мыхьуну дыщогугъ», - жиIащ егъэджакIуэм.

Адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ зэдзэрэзыуэ жаIащ: сабийр гъэсэныр зи кьалэн нэхъыщхьэр унагьуэращ икIи зэщIэхьэгъэсэхэм я ныбжьыкIэ унагьуэращ. Ар ящIэрагъэхьащ. Хэкъ Хьэсэнбий и гъэсэн Уэрдокьуэ Къаз6эч. Абы кьыхуагъэфащэу «Техникэ нэхъыфI зэриIэм папщIэ» саугьэтри.

Килограмм 54-рэ хьухэм я зэпеуэм ЩIыкIыщ Анзор и гъэсэн Гувэжокьуэ Iэмырхан кьытекIуэн кьахэкIакъым.

Зэпеуэм и дыщэ, дыжьын медалхэр зыльысасхэм Урысейм пащэныгъэ кьыщыхьынымкIэ 2013 гъэм екIуэкIыну зэхьэзэхуэм хэтыну Iэмал ягьуэтащ. ЕкъулIэныгъэ зиIэ щIалэхэр хэтынущ щэкIуэгъуэм и 28-м кьыщыщIэдзауэ дыгъэгъаэзм и 10 пщIондэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIыну зэпеуэм.

**ГЪУКIАКЪУЭ Инал.**

● Дыгъэгъаэзм и 1-р СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэщ

# Фи узыншагъэр щIэх-щIэхьуэрэ къэфпщытэ

**Дуней псор зэлъэзыщIыса узыфэщ СПИД-р. А узыфэм иIыкIхэмрэ ар зыпкърытхэмрэ я бжыгьэм кIуэ пэтми зэрыхэхьуэр кьыщыпщIэкIэ, СПИД-м дунейм щыху мин бжыгьэкIэр мыхьуу, къэрал псохэр тригъэкъбзыкIынкIэ щынагъуэ зэрыщыIэр кьыбгуроIуэ.**

1988 ГЪЭМ къэрал псоми узышIагъэр хьумэныжкIэ и министрхэр зэхуэсри, а узыфэ щынагъуэм щыхуэр щахьымэ-ныжмкIэ зэфIэгъэкIыпхьэхэм тепсэлъыхьащ. Нэхъыщхьэуи абы щыгъуэм кьыхахэщауэ щытащ СПИД-м кьытхуихь тхьэмыщкIагъэр зыхуэдэр цIыхуэхэм кьагурыгъэIуэн зэрыхуейр. Абы и ужькIэ дыгъэгъаэзм и 1-р СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэу ягъэуващ.

Иужьрей зэманым СПИД-м пыщIа гуэвзагъэр кьыщыгурыIуэхэр нэхъыбэ хьуащ. КьыхэгъэщIпхъэщ абы ехьэлIауэ кьыщIагъэкI хущхьуэхэр зэрефIэкIуар, сымаджэжэм нэхъ сэбэп зэрахуэхьуар. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, а узыфэр зыгъэхъужкIэф зэкIэ щыIэкъым.

ЮНЭЙДС зэгухьэныгъэм кьыззэригъэлъэгъамкIэ, цIыху мелуан 35,7-м япкърытщ а узыфэ щынагъуэр, абыхэм ящыщу мелуан 26-р Iэнатlэ Iутщ.

СПИД-р нэхъыбэу зэрфIыкIр афиянымрэ фадэмрэ зи нэрыгъэрщ. Абы пщIащ венерическэ узыфэхэр, гепатитыр. Ар зэуэлIам и блэгъуэр, куэбзэпсхэр нэхъ ин мэхъу, техьэгъуэм зэщIеубыдэ, и щIыфэм плъыжьыгъэ кьытрекIутэ, и жьэ кIуэцIыр кьоху, гьур мэхъу. А узыфэр зыпкърыт цIыхуэм и лъыр кьыкфлъэмыIэсамэ, ар щынагъэжьыным, Iэ зэрыуубыдкIэ, хьэумакIэ, унагьуэм щызепхъэ хьэпшыпхэмкIэ СПИД-р кьоуэлIэнукъым.

Фызыхуэсакьыжьи, кьабзэлъабзэу фызэрыщытынымэ фыхущIэкъу, мастэ зыхеегъэлъхьэн хуей хьумэ, зэ фIэкIа кьамыгъэсбэзэп щрипщхэр кьэфщэжу, нэхъыщхьэращ, щIэщIэхуэрэ фи узышIагъэр зыхуэдэр дохутырхэм я деж кьыщIфпщытэмэ нэхъыфIщ.

Медицинэ и закьуэкIэ узыпэлъэщIын узыфэхьым ар, абы цIыхубэм я кьару псори хуэзыщIэзыуIэн хуейщ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

● Бэнэкlэ хуит

# Ди щIалэхэр ятокIуэ

**Щэнейрэ Олимп чемпион Сайтиев Бувайсар и щIыхькlэ Красноярск щекIуэкlащ ныбжьыщIэхэм я Гран-при зэхьэзэхуэр.**

ДУНЕЙ псом и щIыналъэ 18-м щыщ спортсмен 240-рэ зэпеуэм кьырихьэлIащ. Урысейм и щIыхьэр абы щахьмащ Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменитхэм.

Бозий Исхьэжь, Iэщ1ык Артур, Iэщ1окьуэ Мухьэмэд сымэ я гъэсэныгъэ Кьудей Щамилрэ (кг 45-рэ) Бишлъ Тимуррэ (кг 69-рэ) яп уэвыIэр зыIэрагъэхьащ. Абрэдж Iэюб (кг 69-рэ) етIуанэ хьуащ. Етхуанэ уэвыIэр зыльыса ГъукIакьуэ Сослъэнрэ (кг 54-рэ) Дышъкl Албэчэрэ (кг 46-рэ) я тренерщ Багъэтыр Жамболэтрэ Джэрыджэ Альбертрэ.

* * *

Москва дэт ЦСКА спорткомплексым а махуэ дыдэхэм щекIуэкIащ Сабий спортмащIэ федерацэм и яп президенту щыта, Урысей Федерацэм щыхь зиIэ и тренер Нусуев Шевалье и фэеплъ, бэнэкIуэ ныбжьыщIэхэм (1996 - 1997 гъэхэм кьалъхуахэм) бэнэкIэ хуитымкIэ я 7-нэ дунейпсо зэпеуэ, Iэхъэзэхуэм спортсмен 350-рэ хэтащ. Абыхэм ящыщу 15-р Къэбэрдей-Балькъэрым и лIыкIуэт.

Ди щIалитIым текIуэныгъэ кьахьащ. Килограмм 46-рэ зи хьэлIалагъэм я зэпеуэм яп уэвыпIэр щызыIэригъэхьащ Хэкъ Хьэсэнбий и гъэсэ

● Пшыхьхэр

# Гуапагъэмрэ щIэныгъэмрэ зи Iэпэгъу

**КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унэ Налшык дэтым зэхьыхь гуапэ щекlуэжлащ, Абы щагъэлъэпlащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, Щэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ академием, Абхъаз Республикэм щIэныгъэхэмкlэ и академием я академик, урысыбзэмрэ литературэмрэ езыгъэдахэхэм ящыгъэрагъэпэщ дунейпсо зэгурыlуныгъэм и президиумым хэт Габуниа Зинаидэ ильэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур.**

ФОНДЫМ и унафэщI Вэрокъуэ Владимир Габуниа Зинаидэ ехъуэхъуащ узыншагъэ, ехъулlэныгъэ, гуфlэгъуэ иlэну. КъБКъУ-м и профессорым республикэм и щIэблэр егъэджэным, гъэсэным, бзэхэр джыным хэлъхьаныгъафl зэрыхуищlам, ноби а Iэхъум зэрыхуэлажьэм папщIэ фЫыщIэ хуищIащ, томищ хьу и тхыпхри яритащ.

Я лэжьагъэм, ныбжьэгъум ехъуэхъуну пшыхьым зыкърезыгъэхьэлlа Башиевэ Светланэ, Ризаевэ Зарэ, Иуаныкъуэ Нурбий, Геляевэ Аурикэ, Быж Зарэ, Бэрбэч Беслъэн, Щоджэнщыкlу Нинэ, Кумыщ Риммэ, Гъукlэлl ФатIимэ, Хъут Еленэ сымэ, нэгъуэщIхэми я псалъэ гуапэхэр мыухыжт. Нэрылъагъут зи Iэщlагъэм хэпэж, жъуаллныгъэ пыlпу абы пэрыт Габуниа и лэжьэгъуныбжьэгъухэм пщIэ къызэрыхуащlыр, фЫыу къызэралъагъур. Ар, дауи, Зинаидэ езым кlилэжьыжащ, и Iуэху зехьэкlэ, цIыху хэтыкlэ дахэмкlэ. Къэпсэлъэхэм къызэрыкагъэщамкlэ, профессорым къыхиха Iэщlагъэр нэгъуэщIкlэ ихьужьын дэнэ къэна, нобэр къыздэсми зыщIэнщIакъым. Аракъэ-тlэ цIыхум и Iэщlагъэр къигъэуты-фащ жьхуаIэжьыр?!

Зинаидэ и лэжьагъуэхэм зыкъыкlэрамыгъэхуу къэхъуэхъуащ и аспирантхэу, докторантхэу Щомахуэ Татьянэ, Тариевэ Лилэ (Ингуш Республика), Хьэткъуэ Марьям, Битокъу Маринэ, Багъэтыр Азэмэт, Габуевэ Зульфия сымэ, нэгъуэщIхэри. Зинаидэ игрыгъэджахэм гуькэкlыжхэр я куэдт, щIэныгъэм зратыныжкlэ къазэрыдэlэпыкlуам, зэрыцIыху хьэлэлым, чэнджэщагъэ пэжу зэрыщытым теухуауэ. Щlалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къеджащ хъуэхъукlэ гъэнщIа хьэрыпл, испан усэхэм. А бзэхэр зыщIэ Зинаидэ ар гуапэ щюомаХуу къэнэнт?! Къыхэгъэщыпхъащ Габуниа щIэныгъэхэм я доктори 4-рэ кандидат 23-рэ зэригъэхьэзырар.

Зэхьыхэр къызэзыгъэпэща икlи езыгъэкlуэкlа, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Индустриэр институтым гуманитар щIэныгъэхэмкlэ, социально-экономикэмкlэ и кафедрэм и унафэщI Щауэцыкlу Людмилэ къеджащ Габуниа Зинаидэ къыхуаГъэхьа хьэхъуэхэм. Апхудэхэт, Абхъаз къэрал университетым и ректор Гварамиа Алексэ, Гуманитар къэуэтэныгъэхэмкlэ Абхъаз къэрал институтым и унафэщI Вазбэ Василий, а институтым абхъазыбзэмкlэ и унафэщI Хагбэ Лили, Абхъазым ЩIэныгъэхэмкlэ и академием и президент Арстаа Шотэ, а академием и щIэныгъэлl-секретарь Салакая Алексей, Испанием и Гранадэ къалэм щыIэ университетым и профессор Гусман Рафаэль, ИМПИ-м и лэжьаклуэхэу Алиевэ Аллэ, Султанов Казбек, Бигуа Вячеслав сымэ, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и проректор Ащхъуэт Беслъэн, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр. Абыхэм жаIащ бзэ щIэныгъэм зегъэужьыным зи гъащIэр тезыгъэкуа Габуниа и лэжьагъэхэм зэрыиныр, зи Iэщlагъэм хуэIэижь Iэщlагъэлl къэхэкlыныжмкlэ куэдым зэрадэlэпыкlуар.

Пшыхьхэр я гъэдахащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и студентхэу Щоджэн Сэйлхьэт, Хаировэ Айсурэт, Нэгъуэй Анзор, Зэшэкlу Оксана, Апсовэ Диана, «Трио» гупым хэтхэмрэ къэфакlуэхэмрэ.

Габуниа Зинаидэ фЫщIэ яхуищIащ зэхьыхэр къызэзыгъэпэща Щауэцыкlу Людмилэ Iэщlагъэм зыкъэрезыгъэхьэлlахэмрэ псалъэ гуапэ къыжезыIахэми.

Сурэтхэр **ЕЛЬКЪЭН Артур** трихащ.

**ТЕКlУЖЬ Заретэ.**

# Сэ сыкъэкlуэжащ, си адэжь щIыналъэ!

Налшык мазищ лъандэрэ дыкъэIэпхъуэжауэ дыщопсэури, ди гуфlэгъуэщ. Ар ди щIалэгъуэм зэрытхуэзэфlэмыкlар е къыхэрыдэмыхьэар дигу кlэуэри, ди лъэжьыгъуэ-лIыкуГъуэм. Тхьэр абыкlэ къытхуэупсауэ къыдолытэри, ар хуэдэ гуфlэгъуэ, насып дыхьэрыхимыгъэныпамкlэ Тхьэм щыкурышхуэ худощI. Ар зигу илъу къыхыдэмыхьуэхэми къайхъулlэну, зигу имыльхэми ягу апхуэдэ гупсысэ кърильхьэну Тхьэшхуэм дольэIу. Ауэ абыкlэ къэдмыгъанэу, къэдгъэжьын-къэшжыным ди фlэщу яужь дитын хуейщ, зэрыкъэралыгъуэуи ди республикэм щыIэ цIыхубэ зэгуэхьэныгъэхэри.

Дэ куэд щIауэ дыкъакlуэдыкlуэжу дыкlуэжу дыкъэрыщытам и фЫыгъэкlэ, мыбы ныбжьэгъу куэд щыдиlэ хуэщ, фЫыуэ тлъагъуэху, пщIэ яхуэтщIу, апхуэдэуи къытхущыт ди гугъэхэу. Абыхэм ящIащ куэдым дыкъыкъэзрыкlуэжыпар иджырэ ящIэу къыщIэкlынкъым. Аэрри иджы нэIуасэ къытхуэхъуаэри дыкъыкlэзрыкlуэжам зэрыгъэдыхьэр эщцхьэщокl.

Дыкъыкlэзрыкlуэжар зи гуапи зи мыгуапи, къыщIэIуэхуи къызыфIэмыIуэхуи, жыпIэпэн хъуэ, зыхуэмышIчи, щыIэп. Лъэпкъ ущыхъукlэ, дауи, цIыху псори зэхуэдэнукъым. Хэти и цIыху щыкlэ, и гупсысэ, и зэхэщыкlе елытащ Iуэху бгъэдыхьэкlуэ иIэнури. Араци, ар щIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым.

Лъэпкъмрэ хэкумрэ зэкlэрытхъауэ, лъэпкъыр зэкъуэчауэ щытыным нэхъ насыпыншагъэ дунеишхуэм тету къыщIэкlынкъым. Щыхум, псом хуэмыдэу фlэщхъуныгъэшхуэ зимыIэ цIыхум, дежкlэ нэхъ шынагъуэ дыдэр лIэныгъэрщ. Абы зыкъебгъэльи щыпхуэзэфlэмыкlынукlэ, Iэмалынтэу абы зебгъэзэгъынущ, зыхуэбгъашэчынущ. Абы къинэмыщIауэ, сыт хуэдизкlэ гуIэгъэшхуэу, гуауэшхуэу къыщпщхъуни, лIэныгъэр къосри, зы тэлайкlэ зэфlокl. Абы и ужькlэ лIам зыри зыхищIэжырыркъым. Гуауэ зыльъгъуами зэманыр «къоIэзэ». Ауэ уи Iэпкъгъэ уи хэкуэрэ зэкlэрычауэ щыщытым деж, зэпымыуэу зыгуэр зэхъуэ, махуэ кьэс уIэ хуэдэщ. Псом хуэмыдэу, зэрыжаIэщи, уеджа-уепщауэ, къэхъукъащIэр къыбгурыIуэу, зыхэпщIэу, зыгуэрхэри зыгуэркlэ къыпщыгуГыуэ ущыщытым деж ар хьэльэщ. Ар зымыгъэунэхуам, зыпэщIэмыкlам гурыгъэIуэгъэуейщ, зыхегъэщIэгъуейщ. Тхьэм апхуэдэ гъащIэ уэжиагъэуми иримыткlэ.

Иджы дыкъэкlуэжащи, догуфlэ, ауэ ар, абдж хьэкъущыкъу къэта яшхэжам хуэдэщ, гуныкъуэгъуэ куэд абы хэльщ. Я щIалэгъэ дыдэу зэгуэкlуауэ зэрамагъэша зэпсэгъуитI я жьыщхъэ зэхуэхэщжа хуэщI.

Укъущалъхуа, ущапIа, лIэщIыгъуэ ныблагъэкlэ ущыпсэуа, уи бын, уи IыхьлI, уи благъэ, уи ныбжьэгъу эдэщыIэ щыпIэр зэуэ къэбгъэнэу, зыкъэпIэту укъэIэпхъуэжныр тыншкъым. УкъыздэIэпхъуэр уи адэжь щIыналъэ пэтми, зэрыщытауэ е къызэраГъэтэжу щымытыжмэ, зихьуэжамэ, дыркъуэхэр, уIэгъэхэр къытехьауэ, зиужьами, и бзэ, и хабзэ умыщIэжмэ, IыхьлI, благъэ, жьэгу, лъапсэ, кьуажэ, щIапIэ щымыIэжмэ. Абы я щIыгъкlэ, *кьуэрим и щIыгу гуэрэф* жьхуаIэу, жьыгъэри къыпкlэIэлыусу щIащIэжа...

Уи щIыпIэ пхъуэжьным, зы ьхэбгъэ удэжьыу нэгъуэщI ьхэблэ уIэпхъуэным гугъуэхэ гуэрэхэр зэрыхэпльнур хэти ещIэ.

*«Уэ сыт гуГуэхь зи гуГу пщIыр, дэ дызыхэтам елытауэ»*, - жьызыI ныбжьэгъуэхэм я макъ зэхэсх хуэдэщ. Пэж дыдэщ икlи, ильэс тIощIщщIкlэ уэзIэбэкlыжу щытмэ, а лъэхъэнэхэм къэкlуэжакъэ зыпхрыкlа гугъуехьхэм елытауэ, дэ зыри жьытIэ хъунукъым. Ауэ абыхэм ящыщ куэдым я Iуэху уехьуэпсэну зэфlагъэувааэ, хэкуми лъэпкъми сэбэп яхуэхъуфу дольагъури, ар гуфlэгъуэщ. Хэкужьым къэкlуэжьынмкlэ япэ ища а ди кьуэш-ди щыпхьухэм, льагъуэ тхуэхэзыщахэм, псоми фЫщIэшхуэ яхуэфащэщ. Тхьэм иригъэфlакlуэ! Абыхэм яхэтщ дэ гугъуехь дыхуамыгъэзэну къытхъэщIыжкlэр, гъуазэ къытхуэхъуэр, абы кьыщIынэу, зыгуэр тхуэзэхуэмыгъэхъуху кьэс кьедджэрэ едгъэщIахэр. *Дэ щыгъэчакlэ, абыхэмэ ирашъуэ* жьызIэу, жьыжьэу къытхуеплъэкlгуэрхэри яхэтынущ. Дауи, ари цIыху хьэл-щэным щыщIащи, зыми губгъэн хуэпщI хъунукъым. Ауэ цIыхум хуэпщIэр фЫрыфlкlэ кlэуэдыркъым, гум ихуркъым фЫ къыпхуэзэщIари.

## Ди плъапIэр

Тхьэм гъащIэу къыдипэсам щыщу къытхуэнэжар ди хэкужьым щыдгъэкlэну, ауэ къэрал щIэзэдгъэгъуэта щIэныгъэрэ Iэщlагъэкlэ абы щыпсэу ди къуэшхэм, ди щыпхьуэхэм защIэдгъэкъуэну аращ ди плъапIэр.

Сэ си щхьэкlэ япэу сызыхуеджар динращи, абы теухуауэ зыгуэрхэр схужыIэнущ; динэхэм я тхыдэмкlэ езгъэджэфынущ, къэралыр абы хэйуэ щытмэ. Диным теухуауэ щIыхуэхэм «Адыгэ псалъэм» упщIэ къратмэ, сщIэр зэрысщIэм хуэдизкlэ, сымыщIэри зэзгъащIэуэр жэуап естыну ящхь ситынщ.

Е1ыанэрауэ, сэ адыгэ-кавказ хасэхэм куэдрэ сахэтащ, лъэпкъ Iуэхум теухуауэ газет, журнал, тхыль гуэрэхэри кыдззгъэкlащи, абыхэмкlи зыгуэрхэр я щIыгъэ. Ауэ, ар ящIащ, Иджырей тыркубзэм кьынэмыщIауэ, псэрей тыркубзэжьри (уэсмэныбзэр) тIэкlу сощIэри, документ гуэр зэдзэкlыныжкlэ сэбэп сыхьуфыну кьызолытэ. Ди адэщIхуэхэм, ди нэхъыжьхэм хамэ къэрал щагъэхьа-щалэжьаклэм щыгъуаз фахуэсщыфынущ.

Адыгэбзэр (бжьыбгъу, къэрдей псальэкlэр), нэмыщIбзэр, хьэрыпыбзэр, кьэжэрыбзэр (персыбзэ) тIэкlу зэрысщIэми сытрегъэгушхуэ адыгэбзэми селэжьыфыну, ди бзэ щIэныгъэлlхэм къыскъуадэрэ гъуаз къыскъуэхъуэжэ.

Юрист Iуэхуми къэрал Iуэху зехьэкlэми (управление, администрацие) сыкъуэджа пэтми, ахэр иджыпсту мыбы къыщIыхьэпэщну къыщIжьынукъым, урысыбзэмрэ Урысейм и хабзэхэмрэ фЫ дыдзу пщIэн зэрыхуейм тызощIыхьри.

*Зэхуэмыдэ зырыщIэркъым, зэрымыщIу 48 ящIыгъуэм,* зэрыжаIэщи, Iэмал зэриIэкlэ щIэх-щIэхъуэрэ «Адыгэ псалъэм» щыщIэзэхуэзэну, дыщызэхуэзэну сыхуейт.

**ХЪУАЖЬ Фахъри.**

# МЕР Мухьэдин Залымхъан и къуэр

Куэдрэ сымэджа нэужь, и ныбжьыр илъэ 67-м иту дылиейм екlужащ Афганистаным щекlуэкlа заузм и ветеранхэм - ныкъуэдыкъуэхэм «Заузм ныкъуэдыкъуэ хэхъуэхэр» я Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и тхьэмадэу щытащ. Ар сыт щыгъуи жыджэру хэтащ щIэбгъэдэр дзэм къулыкъу зэрыщащIэным хуэгъэхьэзырыным, ахэр Хэкур фIыуэ яIыгъуэу гъэсэным ехьэлIа жылагъуэ лъжьыгъэхэм. Абы и лэжьакъуэхэм, республикэм и ветеран зэгухьэныгъэхэм я унафэщIэхэм пщIэш-хуэ кьыхуащIу щытащ.

Мер Мухьэдин Куйбышевым и щIэр зэригъэхьу Москва дэт дзэ-инженер академием Управлением къмкlэ и факультетым щIэтIысхьащ. 1982 гъэм подполковник Мерыр Афганистаным и дзэм зыкlыбыдэ лъэсырыкIуэдэз дивизэм инженер къулыкъумкlэ чэнджэщагъэуэ ягъэкlуащ. Советыдзэхэр Афганистаным кърашьжа нэужь, Кавказ Ищхъэрэ зэо округым къулыкъу щищIащ. Дзэм хахуагъэрэ зэфlэкlрэ бгъэдэлъу зэрыхэтам папщIэ абы Вагъуэ Плъыжь орденыр, «Хахуагъэ зэрыхэхльым папщIэ» медалыр, нэгъуэщI дамыгъэхэр къыхуагъэфщащ.

Урысей Федерацэм Iэщlэкlэ Iэщlэуэзда и Къарухъэм кьыхэкlыжа нэужь, полковник Мер Мухьэдин ВЧС-м и Iуэхущlапlэу КъБР-м щыIэм унафэщI къулыкъу зыбжанэ щиIыгащ. Иужьрей зэманым полковник Мер Мухьэдин Афганистаным щекlуэкlа заузм и ветеранхэм - ныкъуэдыкъуэхэм я щIыгъуэ хэлъащ, Ар сыт щыгъуи жыджэру хэтащ щIэбгъэдэр дзэм къулыкъу зэрыщащIэным хуэгъэхьэзырыным, ахэр Хэкур фIыуэ яIыгъуэу гъэсэным ехьэлIа жылагъуэ лъжьыгъэхэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и тхьэмадэу щытащ. Ар сыт щыгъуи жыджэру хэтащ щIэбгъэдэр дзэм къулыкъу зэрыщащIэным хуэгъэхьэзырыным, ахэр Хэкур фIыуэ яIыгъуэу гъэсэным ехьэлIа жылагъуэ лъжьыгъэхэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и тхьэмадэу щытащ. Ар сыт щыгъуи жыджэру хэтащ щIэбгъэдэр дзэм къулыкъу зэрыщащIэным хуэгъэхьэзырыным, ахэр Хэкур фIыуэ яIыгъуэу гъэсэным ехьэлIа жылагъуэ лъжьыгъэхэм. Абы и лэжьакъуэхэм, республикэм и ветеран зэгухьэныгъэхэм я унафэщIэхэм пщIэш-хуэ кьыхуащIу щытащ.

Мер Мухьэдин Залымхъан и къуэр дзэм щIэныгъэлlхэм и Къэбэрдей-Балъкъэр университетым, ахэр Хэкур фIыуэ яIыгъуэу гъэсэным ехьэлIа жылагъуэ лъжьыгъэхэм. Абы и лэжьакъуэхэм, республикэм и ветеран зэгухьэныгъэхэм я унафэщIэхэм пщIэш-хуэ кьыхуащIу щытащ.

Мер Мухьэдин Залымхъан и къуэр дзэ зэи щIыгъуэщIкlым.

**Iэщlын Ю. И., Кьанокъуэ А. Хь., Харламов Е. В., Шагин С. И., Пащты Б. С., Щыхьэбахьуэ М. Хь., Тхьэгъэлъэдж Т. Л., Щыпкlынэ Р. А., Гъукlэ Хь. Н., Кьардэн Хь. Л., Кlарэ А. М., Ехьуlэ З. Хь., Сыжажэ Г. Ф., Тэмазэ М. Л., Щоджэн А. З., Вэрокъуэ А. М., Бекъуэ Э. Б., Кьущхъэ А. Н., Урыс М. Б., Битокъу Э. Б., Дышкlэ А. В., Сен М. Б., Быллымгъуэ Б. Хь., Шаулухов Хь. Р.**

● Дыгъэгъазэм 2-р Банк лэжьакlуэм и махуэщ

# Щыхухэм я сэбэп зыхэлъ

***«Урысейм и Хъуманlэ банк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъафl хуещI, инвестицIэ проект нкъэм, хъэрычэтыщIэ Iуэхущlапlэ щыкlуэхэмрэ курытхэмрэ мыпхьу хъарзынэ яхухех.***

***Щыху щхьэхуэхэм щыхуэ етынми гуГныгъэ хэха хуещI. А Iуэхуэ зыкъэрагъэпэщым тедгъэпсэлъхьыныр дэ зыхуэдгъэзащ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Бейтыгуэун Залинэ:***

**- Илъэсым щыщу блэкlа зэманым кьричыбдзу сом меларди 4-рэ мелуаи 750-м нэбгырэм пэмIу кредиту 22,700-рэ щыхухэм кьащтащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ гъэхъэнэм елытатэу хуэдэ 1,5-кlэ нэхьыбгъэ, ПIатъэ кlэщIкlэ апхуэдизу лэжьыгъэм дауэ фыхуэпсэа?**

- Абы и лъэныкъуэкlэ тпъэкlкlыдгъэнкъым. ЦIыхухэм пыщIэныгъэфl яхуди1эщи, я дзыхь кьыщагъэз, ди Iэщlагъэлlхэри жьджэру ядолажьэ. Потребительскэ кредитхэр зэрит щыкlэр нэхъ тынщ щIыным, игъэфlэжьыным Хъуманlэ банкым и зэрегъэгъуэ фЫ кьроклуэ. Ди къудамэр къагъэсэгъэпри, республикэм щыщу цIыху 400-м нэсым мы гъэм автомашинэ къащIэхуащ. Илъэсыр кьызэрихьэрэ автокредиту сом мелуани 170-м нэбгырэ къащIащ. Ар нэгъабэрэм хуэдэ 1,5-кlэ ягъэгъу. Потребительскэ кредитхэм щIэупщIэшхуэ яIэщ. Абы и цIыхьэтщ сом меларди 4,024-м хуэзэ апхуэдэ заему 21700-м щIигъу мы илъэсым зэрытIахар.

**- Республикэм щыщ куэдым псэупIэ кьыхэзращхуэн е ар зэрауэхуэн мыпхьу ябгъэдэтъкlым. А Iуэхур зэфlэхьныем фызэрыхэт зыхуэIэн, псэупIэ кредит къэзыщтэну уеичэм яхуэфащэ Iуэхутъкlэхьэхэр зыхуэуэдэм и гугъу уэдгъэщIынут.**

- Абыи зэпымыуэу банкым и нэIэ тригъэтщ. Iуэхутъкlэхэр зэредгъэфlакlуэм и фЫгъэкlэ, щыхуэр уейуэ кьытхуэкlуэхэм я щIыгъэбгъдэкlыда анэ ягъэгъэщIыхьыпхъ. Абы щхьэкlэ зыхуэет тыхьэпхъэ КъБР-м Хуэныгъэмрэ архитектурэмкlэ и министерствэм ирату апхуэдэ Iуэхутъхьэбзэ зэхуэныкъуэхэм я реестрым зыхрагъэтхэн хуейщ. Программэр гъэзэщIэным щыкlуэгъэ я мазэм щIэддзащ. Илъэсым и кlэ пщIондэ я Iуэхум республикэ бюджетым сом мелуани 10-м нэбгырэ хухихащ, банкым щыхуэу сом мелуан 230-рэ итыну и мурадщ.

Псэупlэ кредитыр хэхаэу кьызэращтэ «Iэмалыфlым и хэкlыпlэ» Iуэхутъкlэмкlэр нухьыу пытщэнущ. Абы тету псэупlэ ныкъуэщI е кьэзыр къэзыщхунуэхэм илъэс 30-м кьрнубыдзу зыхуэет пIатъэкlэ щыхуэ кьащтэу процент 20-м щегъэжьауэ хуэзэ пщIондэз взносыр хэлъхьэмэ, ипотекэм хьыхьэу, ди ахъшэмкlэ илъэсым процент 12 фIэкlа зытемыхьэ кредит кьыIахьыну хунтщ. Хуэныгъэр зэфlэкlыу ипотекэм хьыхьэмэ, кредит зэгурыIуэныгъэмкlэ ди ахъшэр илъэсым процент 11-м нэсу ихьы.

Кьыхэзгъэщыну сыхуейт зи гугъу тщIы Iуэхутъхьбзэкъэм щхьэкlэ Хъуманlэ банкым лейуэ зыри зэрымыихьыр. Зэхэту, зэуIуу къэдгъэсэбэп Iэмалгъэр щыхуэкъэм я сэбэп зыхэлъхъэм я1етщIыхьащи. Зи псэупIэр езыгъэфlэныгъэ хуейхэр Урысейм и Хъуманlэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къыдогъэблагъэ.

*Епсэльар*

**ХЪЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.**

● Гукъэкlыжхэр

# Парт унафэщIым текIуа дохутыр

**Партым и гуащIэгъуэ дыдэм Налшык къалэ комитетым и япэ секретару лэжьащ Громыко жаря лIы тъаГэ дахэпхуэ. Фы зыхунщIахэр щотхъу, апхуэдэ дэзымыгъэгъуэхэм яуб, си щхьэкlэ фIыи Iен хуэжьсIэфынукъым - сыдэлжьакъым, си ныбжьэгъуакъым. Ауэ мы хъыбар пэжыр къэхъуауэ сыщыгъуэзэщи, стхыжу ара къудейщ.**

ПАСЭУ Налшык дащIыхьа псэупIэ нэхъыфlэхэм я Парт щIэныгъэм (Горький Максимрэ Кlыщокъуэ Алимрэ я щIэр зезыхьэ уэрамхэм я пIанэпIэм деж тетщ) щыпсэурт ар. Иджы хуэдэу машинэхэри куэдакъым а лъэхъэнэм, ауэ зы жэщ гуэрым абыхэм я макъым кьигъэушыкlри, мыжеижьфу куэдрэ хэпъаэу, мурад ищIащ Горькэм и щIэкlэ щыIэ уэрамым машинэ щыIэзримыгъэкlуэну. Арати, мурадым упафэ ящыкlыжащ.

Нобэми иращIэнрэ ямыщIэу Горькэмрэ ПащIэ Бэчмырзэрэ я щIэкlэ щыIэ уэрамхэм яку дэт бараккэм я пэщIэдзэу щытт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Министрэм я Советым и гаражкlи. Абы дэт къулыкъущIэ машинэ кьомыр кьызэрыджкlыу, Горькэм и уэрамым кьытелъадэрт.

Iуэху тынштэкъым ящIа мурадыр бгъэзащIэну, ауэ, екlэри, щхьэусыгъуэ хъарзынэ кьыхуагупсысащ. Иджы хуэмыдэжу, абы щыгъуэ кьулыкъым зи щхьэр лъахъшэу хуэзыгъэщхьыр нэхъыбгъэкlи, зым зы кьыхихидзэмэ, адрейм нэгъуэщI кlэридзэурэ хэкlыпlэ кьыхуагъэтащ. Горькэм и уэрамыр щIымахуэм мыгъ ягъэщту лъэрыкlэкlэ тету, гъэмахуэм лъакъуэрыгъажэ къэжьыкlыпlэ ящIыну арат. Зи ныбжь хэкlуэтахэм зыщагъэпсэхуу, удз дахэ щагъэкlыу щытыну арат уэрамыр.

Гаражым кьыдэжа машинэхэр Горькэм и щIэкlэ щыIэ уэрамым техьэ щымыхъукlэ, кьахуэнэжыр ПащIэм и щIэкlэ щыIэрт. Абы тет унэхэм щIэсхэм яхэтт дохутыр-невропатолог Iэзэ ЛIыЕищын Заурбэч. Ар медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат пасэу хъуаэу зэфlэкlэ зиIэ щIалэ ехьэжьат.

Парт лэжьакlуэ щIэрыIуэм и Iизын хэтъу ирагъэжьа Iуэхум Заурбэч щыгъуазэ щыхьым япэуат: «Мы фи гугъэр хъунукъым- жиIэри, арщхьэкlэ кьыжьдагуэжат. ИтIанэ зиущхури яригъэщIат, ауэ нэрылъагъуэ а уэрам бгъуэ щIыкlым машинэ щызекlуэ зэрымыхъунур, зэрыщIэзблэмыкlыфынур.

Заурбэч зыщIнущэхэм, кьаперуэн щымыIэу ягъэврин, Iуэхур и кlэм нагъэсащ. Гаражым укьыдэжа нужь ижьымкlэ кьэбгъащэ зригъэльэдэну сэхэитIыр игъэхьэзыращ.

Гъуэгур хьэзыр хъурт. Соминым и машинэхэм зэблэкlыпlэ зимыIэ уэрам зэвым жэщ-махуэ ямыIэу щызекlуэ щIадзащ. Иджы Громыко машинэ макъхэм кьамыгъэщу жеирт. Мыдрей хьэбгъэм цIыхуу дэсыр жейрэтэкъым, сабийхэмкlи щынагъуэт гъэгуащIэ.

ИтIанэ Заурбэч игъэхьэзыра гъэщIэ сэхитIыр хигъэбыдащ, пхъэрыгъажэ ищIри, хьэтъкъ иригъэльэдэжащ, абы Iункlыбзэ иритыжащ, ар и жьыпм ирилъхьэри, Громыко дежкlуащ. Iуэхур зытетыр гурагъуэрэ, щIитIужащ: «Мыр хэт и унафэми - тэмэмкъым. Уэращ къалэм и парт унафэр зыIэщIэлъри, мы Iуэхур кьыIэтебгъэувыIэн уэ лъэмыдыкlынуэ, езы Мэлбахьуэ дыдэм деж сыкlуэнущ».

Апхуэдэ унафэ мыхъумыщIэхэм Мэлбахьуэр гуащIэу зэрыпэуир зыщIэ Громыко зэущхужащ, миннистр машинэхэм эсэ сыда гъэгуаIуэм зыщагъэпсэхуу, удз дахэ щагъэкlыу щытыну арат уэрамыр.

**ЖЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*КъБР-м и цIыхубэ тхакlуэ.*

● Фэеплъ

# Щапхъэ зытрахым хуэдэт

**Болэт Мухьэмэд кьыщальхуар Къухьэпlэ Хьэтlоуэщыкlыуейкlэ зэдзэу щыта жьлэм (иджырей Зенкъуэ къуажэм хохьэ) дса уэрыс дыжьынбгъуэ лIакъуэм я унагъэрщ. Апхуэдэу итщ «Кабарда в фамилиях» фIищащ Бейтыгъуэн Сфарбий 1998 гъэм Налшык къыщыдигъэкlа гъэлъым.**

Октябрь революцIу Иным и пэ кьыхуэу яIыгъа щIым ар и адэм и гуэру телъэжьыхьу щытащ. Абыхэм мэш ягъэкlырт, Iэщ зэрахъуэрт, щы ягъэхъурт. ЛэжьакIуэфl зэрыс унагъуэр хуэщIат икIи дахэу псэурт.

Уэрыкъым кьаухэIарэ зыхуей хуэмыныкъуэу псэу щхьэкlэ кьэкlмынэу, Мухьэмэд Октябрь революцIу Иным пэщIэувакъым. Совет власт кьыщIэщIыпхъумэ, хуэзфlэкlым емыблэжу, и Iэщlагъэрэ и щIэныгъэкlэ дэIэпыкlуащ.

ЛIэщIыгъуэ блэкlам и 30 гъэм, кьуажэ колхозыр щызэтрагъэувэ лъэхъэнэм, Болэт Мухьэмэд щыгъуэ кьитщэдзэIуэфу, лэжьыгъэм хуэзэщIи гъэуIуэфу зэрыщытыр нэрылъагъэ кьэхъащ.

Кулакхэр зэщIакъуэу кьэралым и щIыпIэ пхыдзахэм ягъэIэпхъуэну уафэ кьыдагъэкIауэ щытащ. А зэман гуГым щыкlуагъэр гущIэгъуэр кьэбгъэлъагъуэу дунейм утетыну тыншкъым. ИтIани, апхуэдэ ІыІыкlэ зыкlуэкlаІэхэри щыІащ. Кулакхэр щIыпIэ жьжьэ ямыгъэкIуэн щхьэкlэ, абыхэм ящыщу нэгъуэщI районхэм мэз щыпхъэупщI, гъэзэгъэмрэ льэмыжьхэмрэ щызыхуэу, чырбыщрэ сэхурэ щызыгъажьэ гупхэр зэщIэкъуэн, зэщIэгъэуIуэн зэжьыгъэ гуГур езыгъэкlуэкlаХэм яхэтащ Болэт Мухьэмэд.

ЖиIам тебгъэтэж, лжьыгъэм хуэжьджэр, унагъуэми жылагъуэми яхуэщыпкъэ Мухьэмэд и кlуажэгъуэм фIыуэ кьыхагъэкIуэрт, адыгэлIу кьалъэтэрт, дзIэпыкlуэгъуэр чэнджэщрэ абы и дежкlэ щыщIалъхьэурт...

ЛIэщIыгъуэ блэкlам и 20 гъэхэм Болэт Мухьэмэд и унафэм щIэту кьуажэм кьыщызэрагъэпэщащ щытащ щхьэзакъуэу лажьэ мэкъумэщIэхэмрэ хуэмышIауэ псэухэмрэ, фЫзабэхэмрэ зеиншхэмрэ ядзIэпыкlуныкlэ жылагъуэ комитет. Абы кьуажэм зыкlыуакlыныкlэ цIыхухэр зэкlуэтлъхьэныкlэ мыхьэнэщхуэ игъэзэщIауэ щытащ.

Болэт Мухьэмэд и унафэм щIэту ирагъэщIауэ щытащ губгъуэм щылажьэхэр зыщIэсыж унэхэмрэ нэгъуэщI псэуалъэхэмрэ.

Мыбдежьм псальитI-цы хужьыIэн хуейуэ кьыдольытэ Болэтым и гуащIэр и щIэныгъэр зыхихьыжа, Кировым и щIэр зрихьэу щыIа колхозым. Ар кьыщызэрагъэпэщцым, дзей зэдзлъжьIэм еса, мэкъумэщ Iэщlагъэм фIыуэ хэзыщIыкlэ щыхухэр зэрыхьыхар колхозым дежкlэ сэбэнпшхуэ хъуащ. МэкъумэщыщIэхэм ягъагъурт колхозым щIыр ей зэрыхьэари, а Iуэхугъуэм абыхэм я гукъыдэжым нэхъри зыкlыригъэIэтырт.

А зэманым зи Iэ-си лъэ къызыдбзу жьлэм дэс дзтхэнэ зыри лэжьыгъэншэ хъунутэкlым. Къэралым иратын хуей планыр зэрIэкlамэ, кьэнар, щхьэж кlылэжьыжам теухуауэ, ягъэшу щытащ.

1935 гъэм ирихьэлIэу мы колхозыр мелуанырыбжэ зэрыхъуам теухуа хьыбарым Къэбэрдей-Балъкъэрым и мазакъуэу, къэрал псор зэльищIысат. МэкъумэщыщIэхэм я ехьэлIэныгъэхэр апхуэдизкlэ нэрылъагъу хъуати, абыхэм я лэжьэкlэм теухуауэ гъхьэ щхьэхуэ кьыдэгъэкlыжкlи хуейуэ Коммунистическэ партым и ЦК-м унафэ ищIат. А къэлэнэр гъэзэщIэным хуэунэтIагъэ 1937 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кьагъэкIуауэ щытащ «Сельская жизнь» газетым и корреспондент Макаренкэ Яков. Ар ильэс псокlэ, мэкъумэщыщIэхэм зэрыжаIэу, я гуауи я гуфlэгъуи ядигугэшу, Зенкъуэ жьлэм щыпсэуащ. ИкIи абы иужькlэ, къуажэдэсхэм я гъащIэм, я псэукlэм, я лэжьэкIэм теухуа «Друзья, каких знал и люблю» тхылъыр итхащ.

Болэт Мухьэмэд унагъуэлI хъарзынэуи щытащ. И бынитIым, зы къуэрэ пхъущIэ-пэти, гъэсэныгъэ дахэ яхилъхьащ.

Тщыгъупщэ хъунукъым апхуэдэ цIыхухэр.

**ДЖЭДГъЭФ Аслъмырзэ.**

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Шхыныгъуэхэр

## Лы гъэжьа-гъэбкхъа

Мэлыпыр ятхьэщI, тыкъыр щыкIуурэ яупщIатэ, дзэху тепщэчым иралъхьэ, абы халъхьэ пIащIэурэ упщIэта бжьыныщхьэ, бжьыныху, щыбжий, щыгъу, псы щIыIэ щIакIэри, Iэкlэ фIыуэ эзIащIэ, бжьыныр яПIытIуэ и псыр къыщIахун щхьэкIэ. Щынакъыщхьэр трапIэри, щIыIапIэм сыхьэти 5 - 6-кIэ щагъэув, нэхъ зэхэщIысыхьын щхьэкIэ. Лыр щагъэжьнуэ дже щынакъым лы тыкъыр-хэр кърах, кIэрыпщIа бжьын сытхэр кIэрахри, тIэкIу ягъэжэпхъ. Лы жэпхъар дзасэм фIалъхьэри, дэпкIэ ягъажьэ, лъэныкъуэ псомкIи тхъуэпIа дахэ хьухукIэ. Лы жьар дзасэм къыфIахри, тебэ куум иралъхьэ, абы халъхьэж а бжьын-бжьыныху зыхэлъхэр, псы къыщIэжари, щIакIэж, джэдгын хаудэ, эзIащIэ, тебащхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету ягъэбжэхъ дакъикьи 7 - 8-кIэ. Iэнэм пщтыру трагъэувэ. Дашх пIастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ.

*Халъхьэхэр (ЫуIэ щIыху Iыхьэ):*

**Мэлыпу** - грамм 200

**Бжьыныщхьэ укъэбзауэ** - грамм 80

**Бжьыныху укъэбзауэ** - грамм 50

**Щыбжий сыр мыхьэжауэ** - грамми 2

**Псы щIыIэу** - грамм 50

**Щыгъуу, джэдгын убауэ** - узыхуейм хуэдиз.

## Тхъурэ форэ зэхэгъэщыпсыхьауэ

Мы шхынигъуэ-хущхьэгъуэр хуабжьу сэбэпшыхуэ яхуохъу зи тхьэмщIыгъу, шхалъэ узхэм, зи баленэр ехуэхахэм, зи бгъэм щIыIэ хыхьаэм, Iупс бзаджэ зиIэхэм. Фом халъхьэр тхьу гъэвжьагъащIэн. Тхъур кIэструлым иралъхьэ, хьжъум трагъэувэри, ягъэткIу. ЗIащIэурэ абы фо хакIэри, фIыуэ эхэгъэзэрыхь. Кьыграхыжа нэужь, абдж е кхъэущын шынакъым ракIэри, и щхьэр тепIауэ щIыIапIэ-кIыфIыпIэм ягъэув. ЗэмыкIуэкIыу куэдрэ щыгъ. Щашхынум и дежь зыхуейм хуэдиз къыщхьэщахри, ягъэхуэбжж. Мырамысэ хуабэм и кум илъу яшх е шэ гъэпщтам традзэри, шхэн и пэ кьихуэу ираф.

*Халъхьэхэр:*

**Фоуэ** - грамм 1000

**Тхъу гъэвжьагъащIэу** - грамм 1000

*«Адыгэ шхынигъуэхэр» тхылъым кьитхыжащ.*

● Дунейм и телъыджиблыр


Хеопс и пирамидэр.

## Хеопс и пирамидэр

ХЕОПС и пирамидэр (Хуфу) - мысыр пирамидэхэм я нэхъ ин дыдэрщ, Дунейм и телъыджиблым ящыщу ди нобэм кьэсарщ. ЗэрыкъагъэфащэмкIэ, ильэс 20-кIэ екIуэкIа ухуэныгъэр щауэр ди эрэм и пэкIэ 2540 гъэрщ. Мысыр пирамидэхэм я хьыбар сочиненэ ящIэ, ауэ нэхъ цIэрыIуэхэр Хеопс (Хуфу), Хефрен (Хафра), Микерин (Менкаура) сымэ я пирамидэхэрщ.

Ильэс мини 3-м щIигъкIэ (1300 гъэхэм ирихьэлIэу, Линкольн кьалэм (Инджылыз) кафедральнэ соборыр щамыухуэ щыкIэ) мы пирамидэращ щы хьурейм ухуэныгъэ нэхъ льагэ дыдэу тетар.

Мысырым Iэтауэ щагъэльапIэ Хеопс и пирамидэр ухуэн щыщIадза махуэр - ар щыщхьэIуи и 23-рщ (ди эрэм и пэкIэ 2470 гъэрщ). Мы махуэр тхыдэ, щIэныгъэ я льэныкъуэкIэ щIэгъэбыдауэ щытхкым, сыту жыпIэмэ, абы щыхьэт техьуэ Iуэху пыухыкIа щыIэкъым, теухуа дэфтэрхэм ри апхуэдизкIэ машIэщи, египтологхэр ириздауэ ар ухуэн щыщIадза илъэсым.

## Семирамидэ и жыг хадэр

СЕМИРАМИДЭ и жыг хадэ фIэдзаехэр Дунейм и телъы-джиблу кьалытахэм языкъэщ. Абы Амитис и жыг хадэ фIэдзакIи Йоджэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар щыхасса, пащтыхь Навуходоносор ЕтIуанэм и щхьэгъусэм зэрелъэкIэ Семирамидэ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ар здэщыIар пасэрей кьалэ-къэрал Вавилонщ, иджырей Хилл кьалэм и Iэгъуэблагъэм.

Вавилоныр и пащтыхь Навуходоносор ЕтIуанэм (ди эрэм и пэкIэ 605 - 562 гъгъ.) и бий нэхъыщхьэ, Вавилон кьэралыгъуэм и кьалащхьэр тIэу зэтезыкъуэта Ассирий пэщIэуфэн щхьэкIэ, Мидием и пащтыхь Киаксар дзэ эзэгрыIэныгъэ ириущIыпащ. ТекIуэныгъэр зыIэрагъэхьэу, Ассирий и щыр зэхуагуэшыжа нэжь, зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм и щыхьэту мидие пащтыхьым ипхъу Амитис кьишащ Навуходоносор ЕтIуанэм.

Сабэхэр я мафIэм щыкуэд, пшахъэущIым тес Вавилоныр ауи игу дыхьэртэжьым щыIгу щхьэантIэ дахэм кьыщыхуа пащтыхьыпхъум. Абы ипкъ иткIэ, Навуходоносор унафэ ищащ жыг хадэхэр уардэунэм и хьурееягкIэ фIригъэдзэну. ЛIэщIыгъуиткIэ щыIащ ахэр, ауэ ныжькIэ кIэлыыпIпIыхь хьуащ, итIанэ езы уардэунэри ищхэжащ, псы кьыщIэуурэ.

## Олимп Зевс и статуэр

ФИДИЙ и Iэдакъэщ Iэкlщ античнэ скульптурэу Дунейм и телъыджиблым хагъэхьар. Ди эрэм и пэкIэ 776 гъэм щегъэжьауэ ди эрэм хиубыдэ 394 гъэ хьуху илъэсиплI кьэс зэ Олимп Джэгуэхэр щекIуэжа, нэхъапэ щыкIэ альдж спортсменхэр, итIанэ урым спортсменхэр щыIэпеуэ лъэхэрщ.

Семирамидэ и жыг хадэр.

Зевс и тхьэелъэIупIэр, Зевс и статуэр здэщытыр, зэ зымыгъэгъуэр насыпыншэу кьалъытэрт альджхэм. Ильэс 300 хьуауэ ирагъэкIуэкI Олимп Джэгуэхэм щыIубзэм я дежкIэ мыхьэнэшхэу иIэт.

## Артемидэ и тхьэелъэIупIэр (храм)

АРТЕМИДЭ и тхьэелъэIупIэу Эфес щыIэри кьалъытащ Дунейм и телъыджэу. Азие Щыкlым и псы Iуфэм нэхъ и гъунэгъуу щыт альдж кьалэ Эфес дэтащ. Ялэ тхьэелъэIупIэ нэхъ иныр щаухуар ди эрэм и пэкIэ VI лIэщIыгъуэрщ. Ауэ ар ди эрэм и пэкIэ 356 гъэм Герострат игъсауэ щытыгащ, Иужькъэ зэрагъэпэщыжащ, ауэ аргуэру готхэм зэтракьутэжащ.

Щыбархэм кьыззэрыхэщыжьымкIэ, Артемидэ Аполлон и щыпхъут, зэгIолъхуэныкъуэт. Альджхэм я Iуэрыуатэм кьыззэрыхэщыжьымкIэ, Артемидэ псэ Iуту щыт тет пэрои нэIэ щIэтт, фIыуэ ильагъурт, якIэлъыплъырт. Абы хьэкIэжхъуэкIэхэри быльымхэри кьигъэIэсэрт, удэхэри жыгхэри кьигъэкIыфIырт. ЦIыхухэри гульытэншэу кьигъанэртэкъым Артемидэ - насыплI яхуэупсэрт, зэрышхэкIэ зэрилъэзэгъырт, сабий кьызыхэхъуэхэм тхьэ яхуелъэрт.

Абы и цIэкIэ Эфес кьалэм и гъунэгъуу цIыкухэм яхуауэ щытащ тхьэелъэIупIэ абрагъуэр. Абы текIуэда ахьшэр зейр Крез пащтыхьырт, ар лIа нэужь ухуэныгъэр и кьуэм ниГъэсыжащ.

Мрамор хужьым кьыхэщIыкIа тхьэелъэIупIэ абрагъуэр кьалэдэсхэм щалъэгъуам я гур хигъахъуащ. Ар диным ехьэлIа Iуэхуэхэм нэмыщIауэ, нэгъуэщIхэри щыIэзэфIагъэкI центр екьэжьа хьуат.

## Галикарнас щыIэ мавзолейр

КАРИЙ пащтыхь Мавсол и сыныр ди эрэм и пэкIэ IV лIэщIыгъуэм икуэхэм Галикарнас (иджырей Бодрум, Тырку) дащIыхьащ абы и щхьэгъуэ Артемиссие III и унафэкIэ. Мавзолейр яхуэун папщIэ абы кьрригъэблэгъащ алыдж архитекторхэу Сатиррэ Пифейрэ, а лъэхъэнэм архитектор нэхъ щIэрыIуэу щытахэу Леохар, Скопас, Бриаксид, Тимофей сымэ.

Плиний Нэхъыжьым мыпхуэдэу итхьжьыгащ абы и тепльэр: ищхьэрэ, ипщэ лъэныкъуэхэр - фут 63-рэ мэхъу, IуплъапIэмрэ и щыбымрэ нэхъ зэвщ, псори зэхэту фут 440-рэ, и льагагъыр Iэфракlэ 25-рэ мэхъу, колоннэ 36-рэ кIэщIэтщ. КъуэкIыпIэмкIэ щыIэ Iуплъапlэр зыщIар Скопасщ, ищхьэрэр - Бриаксидщ, ипщэр - Тимофейщ, къуэхъпIэр Леохарщ. Ухуэныгъэр ямыуухуэрэ пащтыхь гуащэр дунейм ехьжьауэ щытащ.

Мавзолейм и тепльэ щыкIу Истамбыл и Миниатюрк паркым итщ.

## Колосс Родосский

ПАСЭРЕЙ алыджхэм тхьэуэ кьалытэу щытар Гелиос и статуэ абрагъуэщ, Згей хьам и гъунэгъуу щыт Родос кьалэм (Альдж) дэту щытащ. Статуэм метр 36-рэ и льагагът, ар ильэс 12-кIэ ягъуэщ. Жэзым кьыхэщIыкIа а ухуэныгъэ иныр зи Iэдакъэщ Iэкlыр скульптор цIэрыIуэ Харесрэ абы и гъэсэн Лисиппрэщ.

Родос иIэ кхъухь тедзапIэм деж щауха статуер гъунэгъу хьтIыгуэхэм щыплъагъурт. Монументым жэзу тонн 13-рэ гъущIу тонни 8-рэ ихьащ. Зи гугъу тщIы колоссым статуе ин дыдэхэр щIыным кьыхуриджа хуэдэт цIыхуэр. Ди эрэм и пэкIэ етIуанэ лIэщIыгъуэм Родос скульптурэр абрагъуэхэр дащIыхьат.

## Александрие гъуазэр

ДУНЕЙМ и телъыджиблым щыщIу Александрие гъуазэр ди эрэм и пэкIэ III лIэщIыгъуэм Александрие мысыр кьалэм щаухуауэ щытащ кхъухьхэр тедзапIэм кьыщIэсылIэкIэ, ящи хэт кьырхэр (риф) яльагъун папщIэ. Жэщым абы идз нэхур сэбэп яхуэхьурт, кьриху Iугъуэр махуэм я гъуазэт. Дуней псом япэу щауха гъуазэщ ар икIи ильэс минкIэ щытащ.

Ауэ ди эрэм и 796 гъэм щыр хьейри, зэхихьуэгъащ. Иужькъэ Мысырым кьыжьуа хьэрыпхэм щIэрыщIэу яухуэжащ метр 30 зи льагагъ гъуазэр. XV лIэщIыгъуэм и кIэхэм Кьаит-бей сультIаным быдапIэ щиухуащ абдеж, ар нобэми щытщ.

Гъуазэм метри 120 - 140-рэ и льагагъщ, километр 60-кIэ (языныкъуэхэм 100-уэ жаIэ) ущыпэжьыкъэми, идз нэхур больагъу.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

Артемидэ и тхьэелъэIупIэр.

Галикарнас щыIэ мавзолейр.

Колосс Родосский.

Александрие гъуазэр.

# Псалъэзэблэдз

***Екlуэкlыу*: 1.** Авторучкэр къэжьэн и пэ еджакIуэхэм перор хагъэуэурэ зэрытхэу щыта ткIуаткIуэ. **7**. Шыбжий фIыцIэм зэреджэ нэгъуэщIыщIэ. **10** . ... лъакъуэ щIэткъым. **11**. Умылажьэмэ, ... бгъуэтынщ, улажьэмэ, лыжь пшхынщ. **12**. А лыр апхуэдизкIэ къуэгъунщи, бгъэлыбжьэкIи ... ткIуэпс къыщIэкIынукъым. **13**. Нартыху ... е дыгъэ ... **14**. Кавказ Ищхъэрэм щыщ лъэпкъ. Ди республикэм абы ящыщу мин зыбжанэ исщ. **15**. ПхъащIэ, унагъуэ Iэмэпсымэ. **16**. Зи гъэгъахэр уэсым хуэдэу хужь жыг лIэужьыгъуэ. **18**. А щIэр зэрэхьэжьми къуажэми. **20**. ЦIыхубз щыгъын. **21**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар адэжь щIэинщ. **22**. Пасэрей хьыбарегъащIэ. **23**. Хъыджэбз ирахьэжьамэ, быным ирахужьамэ кIэлъыщIэпхъуэ гуп. **26**. УмыщIэхъэу пIэщIэкI щыIагъэ. **27**. Хывым апхуэдэуи йоджэ. **28**. Зи кIапэ лъэныкъуэм фIэгъэнапIэ иIэ пхъэ кIыхь. **33**. Сымаджэ хьэпъэм и ... макъыр нэхъ ин хъуащ. **35**. ... зэрымытым Iэтэ ирегъэувэ. **36**. ... бэлътоку. Е джанэ. **37**. Къуэш ... нэхърэ - ныбжьэгъуфI. **38**. Пхъэщхьэмыщхьэ гущIэ цIыкIу. **39**. Лы лей зытелъ цIыху. **40**. Бжьэхущым кьыхэщIыкIа щэкI Iув. **43**. Пшынэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ тет Iапэ. **48**. Намэз ... **49**. Дунейр щыщIыIэм деж унащхьэхэм, жыгыщхьэхэм трещIэ. **52**. Ялэ адыгэ пщышхэуэ щыта. **54**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз художник. **55**. Пшахъэущ. **57**. Дзыгъэушхуэм и бий кIэуфIыцI. **58**. ГъэшхэкI. **59**. ЦIыхубзхэм зыкIэралъхьэ гъущIэкIэ хьэпшыпI цIыкIу. **60**. Гъатхэм пасэу щыIэм кьыхэкI удэ кьащхьэуафэ-щакьафэ щыкIу. **61**. Мэжджьытым хэтщ ... джанIэ. **63**. ... зезыхьэ и Iэпэ йобзэй. **30**. Набдзэ ... . **31**. ЩхьэусыгъуэI гуэркIэ жьлэм дэкIыуэ зызыгъэщIкIу цIыхум апхуэдизэ зэрелджэр. **32**. Адыгэ таурыхъэхэм уэзыщихьэлIэ псэущхьэ шынагъуэ, щхьэ зыбжанэ пыту. **34**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Суд нэхъыщхьэм и унафэщI. **36**. Шхынхэльхъэ. **41**. Iудаизэу зэхэща кIапсэ псыгъуэ цIыкIу. **42**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ хьэл зиIэ цIыхур щыту малIэ. **44**. Шым и кIуэкIэ. **45**. Бын. **46**. Тхьапшэ и «джанэ». **47**. Акъсыр Залымхъан и пьесэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэр. **50**. Акъыл зэпIэзэрыт зимыIэ цIыху. **51**. Уэрэдус цIэрыIуэ Тхьэбысым ... . **53**. ЦIыхь лъэпкъ. **56**. АдыгэцIэ зезыхьэ кьалэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыщу. **58**. Дзэлыкъуэ районым щыщ къуажэ. **62**. Хадзэкl. **63**. Зыгуэрым и зэхуэдитI. **64**. Щоджэнщыкlу Алий и рассказ цIэрыIуэ «Хьэжьигъэ ... закъуэ». **66**. Дунейр щыхуабэм, щыуэмым деж унэхэм (зиIэхэм) щагъэлажьэ.

*Зэхэзыльхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

**Щэкlуэгъуэм и 24-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***Екlуэкlыу: 4.*** Пыл. **7**. Тут. **9**. Хьэсэ-пэхьлмэ. **11**. Щыхуэ. **12**. Шыпш. **13**. Уд. **14**. ПщIэ. **15**. Къуэ. **16**. КlуапIи. **19**. Кlэбгъу. **20**. Гуанэ. **21**. Дерт. **26**. Псапэ. **28**. Налкъут. **29**. Пшахъуэ. **31**. Хьэщыкъ. **33**. Шыдзэ. **35**. Нэмыс. **38**. Балъэ. **39**. Псеи. **42**. Есэп. **44**. Хьэлу. **45**. Кхъухь. **47**. Дыд. **48**. Дэ. **49**. Армэ. **50**. Шыкlэ. **51**. Псыхьэлыгъуэ. **52**. Акъужь. **53**. Без.

***Кьахуу:*** **1**. МышхумпIэ. **2**. ХьэпащIэ. **3**. Ашышджэр. **5**. Нэгъуэ. **6**. Къумыкъу. **8**. ПщIакIуэ. **10**. Пшагъуэ. **17**. Кьунан. **18**. Мест. **20**. Гущэ. **22**. Топ. **23**. Астъэн. **24**. Блашэ. **25**. Тхъуарыжь. **27**. Пщы. **30**. Шкlэ. **32**. Кьэб. **33**. Шылэ. **34**. Нысэ. **35**. Ней. **36**. Медан. **37**. Къэрмокъуэ. **40**. Къуэныкъуей. **41**. Мухьэз. **43**. Дыщэпс. **46**. Хьэсэ. **48**. Дагъуэ.

● Прозэу тха усэ

## ПсэкIэ къызэпсалъэ

ЖЭЩ кIыфIым и бзэ щэхуэкIэ сэ сынопсэлъэнщ, а бзэр къыбгурымыIуэмэ, сэ ухуэзгъэсэнщ.

НыбжеIэжьыну куэд сфIыззэтрихащ, а псори дауэ мы си гум изубыдэфа. Бэдж цIыкIум и хьыекIум бадзэ и къыбгурымыIуэмэ, сэ ухуэзгъэсэнщ.

Гухэлъым я нэхъ дахэу гугъапIэ щэхуу згъафIэр сигу ищIа хьыринэм щыщIаупскIэр уэрщ. Си гупсысэм куэд кьегъэщI, ухуакIуэ Iэзэ гуэрщи, лъабжьэншэу унэ зэрамыщIым хуэдэу, уэрыншэу зыри схуэухуэнкъым. Дэнэ кьисхын игъащIэм жамыIа пасалъэ, игъащIэм зыхамыщIа гухэлъыр зэрыпхуэсIуэтэн. ЦIыху гъащIэр кьызэмэщIэкIынуу къыщIэкIынщ... Ухуеймэ, си гухэлъым, си псэм, си гупсысэм уезгъэутIыпщыжынщ, къыумыщIэхъэмыщ. Хьэуэ, ухуейкъым узутIыпщынуу, ухуеIякъым укъэзгъэнэну, ухуейкъым зырыз дыхъужыну, ухуейщ гум щызэ уалъагъуну. Лъагъунигъэм и лъахэм гурыщхъуэ удзыжьыр уэ къыщумыгъэкI, жэщ кIыфI и тауриыхьыр зым хуумыIуэтэж. Гужьеигъуэ уихуэмэ, уигу сыкъэгъэкIыж, псэм зэхуаIэ лъагъуэм укъыхсхуишэжьынщ. Уи гум Iей кьэкIамэ, зыщхьэщыгъуэж, гухэлъ къабзэм Iей щыпсэукъым, удхэм уакъыдэмыудж. Къызэпсалъэ псэкIэ, сфIэфIщ пIейтуэу уигу гузавэр, щызихьэщIэм схуэгумащIэу. Уи псэр къысхуэсакъыу, сэ сызэрыуихуащхъуэр кьасщIэу, мис апхуэдэу згъэкIуэнт гъащIэр. Таурыхъым и пэжыпIэр зыщIэ мазэм бзэгу хуихьыжу жьжьэу пыдза вагъуэм. ЯгъэщIагъуэу ди псэукIэр, кьыдэхъуапсэм дэщхъ зищIыфу, згъэзэуэнут насыпыфIэу цIыхум хэтыр нэхъыфIыIуэу.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● Чэнджэщхэр

## Бын зэрыIыгъыр ищIыкIыгъуейщ

**п Лъэпкъыр зэрыIыгъымэ, и мурадыр къохъулIэ.**

**п Анэр зыгъэгуфIэм гуфIэ лей хуэфащэщ.**

**п Напэрэ узынишагъэр зэрахъыумэр зэпыу имыIэущ.**

**п Бын зэрыIыгъыр ищIыкIыгъуейщ.**

**п Уи къуэш лъэпэрапэмэ, и фэбжь уэри къыплъэIэсынщ.**

**п ЛъэпкъыфI и бын зеинш зэ хъуркъым.**

**п Адэ хуэмышIам дэж бын пэтрэ кIуэрейкъым.**

ГУБЭЩIЫКI Владимир.

● Цыхушхуэхэм я гупсысэхэр

## ЩIэпсэу псори зыфIэкIуэдаращ щхьэхуитыр

ГъащIэм и купщIэм нэхърэ нэхъыфIы лъагъун хуейщ езы гъащIэр.

**ДОСТОЕВСКИЙ Федор.**

Сэбэпынагъ гуэр къыумыхьу упсэунырэ кIэншэ зимыIэ лIэныгъэщ.

**ГЁТЕ Иоганн.**

Цыхуур щIэпсэу псори зыфIэкIуэдаращ щхьэхуитыр.

**РЕМАРК Эрих.**


**Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**Хьэфыщlэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаес Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маринэ, НэщIэныдж Замир, Хьжьыкъар Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

**КъыдзэныгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленныим и уэрам, 5, обгъуанэ-ешIапэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Iуэхуэ щIэныгъэм ядолажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуэ щIэн Iэм - 42-26-41; суэрэттехэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхуэгъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтеуэу зэпыту щыткым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтыныгъэр хьумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапи Iэм №И-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленныим и пIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2-нэ нап.), Щоджэн Заир (3, 4-нэ нап.), корректорэм и одIыжьхъуэу* Мыр-зэкъан ФатIимэ, *Компьютер Iэ газетым и тепльэр щIащ* Мэлбахьуэ Анжелэ, *суэрэттхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.749 ● Заказ №3170